Дэ Іуэху хэкам хэтхэр даІыгъ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Бзэмрэ литературэмрэ зэпызыщІэр псалъэращ

4-нэ нап.

ПщІэншэкъым и пщІэнтІэпсыр

4-нэ нап.

ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№46 (24.796) ● 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

ТЕКІУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аІэм къызэритамкІэ

Махуэшхуэм хуэфэщэну

Урысейм и Президент Путин Владимир нэхъ пасэу къыдигъэкІа указым щиубзыхуэ уэ щытащ 1941 – 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекІуэныгъэ къызэрыщихьэ илъэс 80 зэрырикъунэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсымрэ гъэлъэпІэным пыщІа Іуэхуэр. А унафэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэныр зи пщэ дэлъ республикэ къызэрэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗэХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щІыпІэм и аппаратым КъБР-м къэгъэщІыпІа и инспектор нэхъыщІэ **Васильченкэ Дмитрий**, правительствэм хэтэр, министрэр, хабзэхэІущ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэмрэ я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр къыщІэзІуихым, Іэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къиІэкІыжащ махуэшхуэр гъэлъэпІэным махуэ 25-рэ фІэкІа къызэрымынэжар икІи даудапщэхэм зыхуэзгъэхьэзырыри и кІэм зэрынобэлъэгъар. ЩІызэхуэса Іуэхуэр зэпкърадзу зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыкІымкІэ министр **Тогуазаев ТІэхьир**, щэнхабзэ щІэныр зыхьэ уэхэныгъэхэр къэралым ихъумэныкІэ управленэм и унафэщІ **Гонтарь Олег**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъуэ Таймураз**.

Илъэсым зэрыщІидзэрэ республикэм а Іуэхуэм ехьэлІауэ куэд щІэзэфІагъэкІ. Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиІамкІэ, щІыналъэ псоми щоклуэкІ Хэкум и хъумакІуэхэм, цІыхубэм къагъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэм, тхьдэм я пажэщІэр хъумэным хуэгъэза Іуэхуэр: акцэкэр, музейхэм, библиотекэхэм, еджапІэхэм къщыщІэзгрэзэпэщ тхьдэм теуххуа выставкэхэр, спорт, творческэ зэпеуэхэр, къэлъыхъуэныгъэ Іуэхуэр.

ТекІуэныгъэм и махуэр гъэлъэпІэныр зэрекІуэкІыну щІыкІэм тепсэлъыхьа нэужь къызэІэпэщакІуэ гупшэ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр къищтащ. КъэбгъэлъагъуэмэзэрыкІыкІэ хъуну щынагъуэ къалъытэу), хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэми ечэнджэщэу, унафэ ящІащ «Полк уахътынш» уэрамкъыдыкъэр ирамыгъэкІуэкІыну. Мы гъэм ар онлайн мардэм теуІуэгъэпэщынуц икІи «Фэеплъым и шэху уэздыгъэр», «Сэлэт дымыщІыхуи и махуэ», «Георгий лентІыр», «Мэхъыч плъыжь», «ЩыІэщ апхуэдэ Іэщ1агъэ – Хэкум и хъумакІуэ», «Фэеплъыр зэІэпыдох», «Гупагъэм и сыхьэт 72-рэ», «ТекІуэныгъэм и щхьэгъубжэхэр», «ТекІуэныгъэр къэзыхьахэм я нэгухэр», «Фэеплъ блын» зыфІаща Іуэхуэхэм, нэгъуэщІхэми япыщІауэ щытынущ.

Тогуазаев ТІэхьир и гугъу ищІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм зэрызыщІагъэкъуэ Іэмалхэм. Республикэм и Іэтащхьэм и указыр ягъэзащІэкІэрэ, илъэс къэси хуэдэу, гулъытэ хуащІащ зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаxэмрэ абы и ветеранхэмрэ, абыхэм ахъшэхэр ираташ. Зауэ зэманым лэжьакъэм, фашистхэмрэ абыхэм я дарэгъуэхэмрэ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и пъэхъэнэм къызэрагъэпэща гъэрэщэхэм, гептэхэм, цІыхухэр залымыгъэкІэ щаІыгъ нэгъуэщІ щІыпІэхэм балигъ мыхъуауэ ихуауэ щытахэм, бийм къиубыхьа Ленинград дэсахэм илъэс къэс ират ахъшэм хуэдитІкІэ хагъэхъуащ икІи мыгъэу ираташ.

Ґонтарь Олег зэхуэсым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ Хэку зауэшхуэм и зэманым епха щэнхабзэ щІэзиным хабжа ухуэныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм. Республикэм щыІэщ Хэкум и хъумакІуэхэм хуащІа фэеплъ 269-рэ, абыхэм ящыщу 90-м зэлІхэм я хьэдэхэр щІэлъу. Муниципалитетхэм илъэс къэс а фэеплъхэр зэрагъэпэщыжьхьэкІэ, къагъэщІэрэщІэж. ЩІыпІэхэм унафэр щызэхьэныкъуэкІыр, щІэблэхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэр» урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр, «Урысейм и щІалэгъуалэр: лъапІэныгъэхэр, зэхэщІыкІыр, социальнэ щэныр» Социологиемкіэ щыкІуэкІэ и епщыкІубланэ зэхуэсыр. ЩІэныгъэлІхэм ягъэнэхьапэ а Іуэхуэгъуэхэм къызэщІаубыдэ лэжьыгъэхэр тхьэмахуэкІэ екІуэкІынуц. Абы хэтынущ Москва къалэм, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэхэм хыхьэ щІыпІэхэм, Къурмым къикІа щІэныгъэлІхэр, зи щІалэгъуэ жыдэкІэрхэр.

ЗэІущІэхэм я утыкуухэр щІыпІэхэлъхьа къэралым иригъэкІуэкІ политикэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ нэгъуэщІхэми. А псори къызэщІеубыдэ щІэныгъэлІхэм ираташ.

Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, РАН-м и къэрал щІэныгъэ-къэхутакІуэ социологие центрым Социологиемкіэ и институтым и унафэщІ, профессор Волков Юрийрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ яхуэзащ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІ цІэрыІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ къэкІуащ. Абыхэм ираГъэкІуэкІ «ТекІуэныгъэ-80: Урысей щІалэгъуалэм яхэлъ граждан-хэкупсэ зэхэщІыкІыр, щІэблэхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэр» урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр, «Урысейм и щІалэгъуалэр: лъапІэныгъэхэр, зэхэщІыкІыр, социальнэ щэныр» Социологиемкіэ щыкІуэкІ щэныр зэхуэсыр. ЩІэныгъэлІхэм яГъэнэхьапэ а Іуэхуэгъуэхэм къызэщІаубыдэ лэжьыгъэхэр тхьэмахуэкІэ екІуэкІынуц. Абы хэтынущ Москва къалэм, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэхэм хыхьэ щІыпІэхэм, Къурмым къикІа щІэныгъэлІхэр, зи щІалэгъуэ жыдэкІэрхэр.

ЗэІущІэхэм я утыкуухэр хэм щІыпІэхэлъхьа къэралым иригъэкІуэкІ политикэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ нэгъуэщІхэми. А псори къызэщІеубыдэ щІэныгъэлІхэм ираГъэкІуэкІ социологие къэхутэныгъэхэм. Аэрацц къэралым щауэтІ щІалэгъуалэ политикэм и лъабжьэ хъур.

КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ яхуищІащ Горшков Михаилрэ Волков Юрийрэ, апхуэдэуи щІэныгъэ-егъэджэныгъэ Іэзыу щІэхэпэм хэт псоми, ди щІыналъэм къызэрытхуеблэгъам папщІэ. Лэжьыгъэ купщІафІэ кърахьэлІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщІэну зэманыр дахэ яхуэхъуну екъуэхъуащ.

Президент Путин Владимир къызэрыкІэщащи, «ЦІыхум нэхъ япэгъунэгъуэ, абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр амбуляторэхэмрэ поликлиникэхэмрэщ». А Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр зыхуей къэзгъэпэщащэ, цІыхум я уэныщагъэр ефІэкІуэнуц, узыфэ гъэтІылъахэм зыщагъэпсыхьэмэ ныкъуэдыкъуэ нэхъ мащІэ хъунущ, гъащІэ узынщэ къызэрагъэщІэнум хущІагъэкъунущ. Аращ абыхэм зэпымыууэ зыщІегъэужьын хуейр, - жиІащ Егоровэм. - Апхуэдэ Іэнатіэхэр зэфІэкІ зиІэ Іэщ1агъэлІхэмкІэ къызэгъэпэщащэ зэрыщытыпхъэми шэч хэлъхъум. Абы фыкъуэ, гъащІэ узынщэ къызэрыкІэщащи, щІыпІэ инфраструктурэ зэрызэгъэпэщцын, пхъэнкІий щІызэхуахьэс контейнерхэр, ахэр здагъэувыну щІыпІэхэр, зэрелэжьыну Іэмэпсымэхэр ирикъуу яІэн зэрыхуейм. Республикэм абыхэм я бжыгъэр хагъэхъуэным щолэжь.

Илъэсыр имыух щІыкІэ, республикэм пхъэнкІий быдэхэр дэшыным теухуауэ хабзэщІэхэр къыщащтэнущ, щІыналъэм щылажьэ Іэзыу1апІэхэм я лэжьыгъэр нэхъ тынш къызэгъэпэща хъун папщІэ.

ЛъапІэныгъэхэмрэ зэхэщІыкІымрэ

ным, щІэблэм я зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм, щІалэгъуалэм я гупсысэр унэтІыным урысейпсо лъапІэныгъэхэм щагъуэт увыпІэм, нэгъуэщІхэми екъолІа Іуэхуэгъэ зэмылІэужьыгъэхэм. Кьищынэмыщ1ауэ, кьыщ1ат унагъуэм кьыхъуэ щІэблэм щапхъэ хуащІхэм, быныр хэкупсэу гъэсэныр, иджырей щалэгъуалэм яхэлъхьэ жыджэрагьым, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ нэгъуэщІхэми. А псори къызэщІеубыдэ щІэныгъэлІхэм

Президент Путин Владимир къызэрыкІэщащи, «ЦІыхум нэхъ япэгъунэгъуэ, абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр амбуляторэхэмрэ поликлиникэхэмрэщ». А Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр зыхуей къэзгъэпэщащэ, цІыхум я уэныщагъэр ефІэкІуэнуц, узыфэ гъэтІылъахэм зыщагъэпсыхьэмэ ныкъуэдыкъуэ нэхъ мащІэ хъунущ, гъащІэ узынщэ къызэрагъэщІэнум хущІагъэкъунущ. Аращ абыхэм зэпымыууэ зыщІегъэужьын хуейр, - жиІащ Егоровэм. - Апхуэдэ Іэнатіэхэр зэфІэкІ зиІэ Іэщ1агъэлІхэмкІэ къызэгъэпэщащэ зэрыщытыпхъэми шэч хэлъхъум. Абы

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Лыгъэм и дамыгъэхэр

Бэракъ Плъыжь орденыр

Совет къэралым и дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщщ. Ар хуагъэфащэрт Хэкур псэемыблэжу ихьумэкІэрэ зэуапІэм зихуэдэ щымыІэ хуэхуагъэрэ лІыгъэрэ щызыгъэлъэгъуахэм. Апхуэдэу Бэракъ Плъыжь орденыр хуагъэфащэрт дзэпакІэхэм, дзэ къулыкъхэм, дзэ зэгухьэныгъэхэм, къэрал икІи жылагъуэ Іэзыу1апІэхэм. Совет къэралым япэ дыдэу щагъэува а дамыгъэм нэхъ лъагэ 1930 гъэ пщІондэ щыІэкъым.

РСФСР-м Дзэ Іуэхуэмрэ Хы хуэІухущІэхэмкІэ и щІыхубэ комиссариатым и коллегием хэт Подвойский Николай 1918 гъэм шыщхьэІум и 13-м Гъэзэщ1акІуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэщІ Свердлов Яков хуигъэхьа тхыльым къыщыхигъэщат Дзэ Плъыжьым щыщу хахуагъэрэ лІыгъэрэ зезыхьэхэр къэрал дамыгъэкІэ гъэпэжэн зэрыхуейр. Свердлов Яков арэзы зытехъуа а гукъэкІым тету куэд дэмыкІыу зэхаша гупым дамыгъэмІ – Бэракъ Плъыжь орденымрэ Мэхъыч Плъыжь орденымрэ я жыпхъэхэр – унафэщІхэм я пащхьэ къраплъащ. Гъэзэщ1акІуэ комитет нэхъыщхьэм 1918 гъэм фокІадэм и 16-м хъищта унафэм икІэ иткІэ, Бэракъ Плъыжь орденыр къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэу яГъэуващ. Дамыгъэм и тепльэр зыщІар сурэтыщІ Денисов Владимирщ.

Орденыр дыжьыным кьыкІэщІыкІа дамыгъэщ. Ар пкъыгъуэ куэду зэхэтщ. Дамыгъэм и Іуплъапіэ дыдэм кьыщылъагъуэ хъурейм дыщэ гъубжэмрэ уадэмрэ я теплъэр итщ. Хъурейм ибгъуэр дыщэ кьыхъущІыкІа лэб (лавр) зэхэуХэнахэмкІэ гъэщІэрэщІащ. Гъубжэмрэ уадэмрэ я лъабжьэкІэ зи бзаищэр кьыщІащ вагъуэ плъыжьыр кьопльагъуэ. Ар уадэ, пхъэІэщэ, мыжурэ, бэракъ плъыжь зблэдзакхэм я щІыІум итщ. Бэракъ плъыжьым «Дуней псом и гуащІэрыпсэухэ, фызэгухэ!» псалъэхэр тетщ. Дамыгъэм и къэухьым лэб зэхэуХэнахэр кьыдокІуэкІ, абы и кум хуэзэу щэкІ плъыжь къытельщ. Щэкіым «СССР» хьэрфхэр ину дыщэпскІэ тетхащ. Теплъэгъуэхэр зытещІыхьа лъагэу зэфэзэщу джафэщ, абы лапхъэ хужь телъщ. Апхуэдэу орденым и щІыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэр кьыхэщ кьудейуэ уэрдыкъу псыгъэкІэ кьащІыхьащ.

Дамыгъэм ищхьэкІэ щыІэ къуапэм тхьэгъу пыщІыхьащ, ар дыщэпс зытегъэлъэда, къуапитху хъу дыжьын къуардэм хъурджанэ псыгъуэ цІыкІукІэ епхащ. Абы и лъагагъыр миллиметр 15, и бгъуагъыр 19,5-рэ мэхъу. Кьыардэм данэ щэкІ плъыжь Іуэ къеШэкІащ. Абы плъыфитІ хэлъщ: лъэгур плъыжьыфэщ, абы ику дыдэм хуэзэу кусэ хужь бгъуэр итщ.

Багъуэм и лъагагъыр миллиметр 40, и бгъуагъыр миллиметр 36,3-рэ мэхъу.

Бэракъ Плъыжь орденыр зэуапІ фащэм и сэмэгурабгъу плъэныкъуэмкІэ хэгъэубыдэ, зыхуагъэфэщам нэгъуэщІ дамыгъэхэр жыпІэмэ, Ленинын и орденымрэ Жэпэгъуэ революцэм и орденымрэ яужьыкІэ халъхьэ.

Дамыгъэр зы цІыхум зыбжанэрэ хуагъэфэщэнкІэ хъунут.

ТАБЫЦІ Мурат.

Медицинэ хуэІухуэщІэр зэрагъэзащІэр

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху Іэзыу1апІэм и президиумым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и лІыкІуэ, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым Бюджетымрэ финанс Іуэхуэкіэ и комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ Ульбашев Мухьэрбий.

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хуэхах сыхьэтым» хыхьэу, зэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІыналъэм медико-санитар дэІэпыкъуныгъэм зэрызыщагъэзыжьым. Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ зэрыщІагъэзэрэщІэр.

- Лэжьыгъэшхуэ къызэщІэзыубыдэ икІи цІыхуэхэр нэхъ зыхуэныкъуэ Іэнатіэщ нобэ зи гугъу тщІынур. Къэбгъэлъагъуэмэ, поликлиникэхэмрэ амбулаторэхэмрэ къаззрыдэІэпыкъуфым елъытащ цІыхур арэзы хъун-мыхъуныр. УФ-м и гъэкІын щІидзэныр къалэну къуэвац.

Патрушев Дмитрий къыхигъэщащ. Урысейм Іуэхугъуэ щхьэхуэзэм ехьэлІауэ къыщыщІагъэкІ транспортыр псынщІэу зекІуэ, щІыуэпсым зэран хуэмыхъуу, ди къэралым и щІыпІэ псоми езэгъуу, уасэкІи мылъанІэу зэрыщытыпхъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр кІэрыхубжьэрыху быдзэкъэ Іэзыу машинэхэмкІэ дзэзыу машинэхэмкІэ нэхъыфІу къызэгъэпэща щІыналъэмпщІым ящ1. Илъэс блэкІам Іэзыгъуэ хэхам хуэунэтІа техникэ 15-кьищэхуащ республикэм, псори зэхэту транспорт хэха 78-м нэс иІэщ. ИтІани, шэч хэлъкъым, мурад пыуухьІакІэр нэхъ тынш къехъулІэн папщІэ, щІыналъэм апхуэдэ машинэхэр нэхъыбэу иІэмэ, зэрынэхъыфІым.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ кІэрыхубжьэрыху быдзэкъэ Іэзыш машинэхэм папщІэ инфраструктурэ зэрызэгъэпэщцын, пхъэнкІий щІызэхуахьэс контейнерхэр, ахэр здагъэувыну щІыпІэхэр, зэрелэжьыну Іэмэпсымэхэр ирикъуу яІэн зэрыхуейм. Республикэм абыхэм я бжыгъэр хагъэхъуэным щолэжь.

Илъэсыр имыух щІыкІэ, республикэм пхъэнкІий быдзэкъэ дэшыным теухуауэ хабзэщІэхэр къыщащтэнущ, щІыналъэм щылажьэ Іэзыу1апІэхэм я лэжьыгъэр нэхъ тынш къызэгъэпэща хъун папщІэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэхэм папщІэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІадзыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэм.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 360-рэ кІэлеЙкІэ 70-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 329-рэ кІэлеЙкІэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

Медицинэ хуэIухуэщIэр зэрагъэзащIэр

(КIэухыр. Пщщэдзэр 1-нэ нап.).

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIы и министр КъалэбатэТрустам. Абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ Iуэхуэмхыхьэфедеральнэпроектхэм («Медико-санитарнэ дэлэпыкъунигъэр зэрырагъэуж-ьын», «Узыншагъэр хъумэныкIэ и IэнатIэр егъэфIэкIуэн» IуэхуэрэпIащIэуэ) зэрыкэтыр.

- Гъэ къэс республикэр щIыналъэ нэхъ пашэхэм ящыщIу лъэпкъ IуэхуэхэмкIыщIэльэгъуакъэр зэрыдгъэзащIэмкIэ. А лэжьыгъэм 2025 гъэми пыдощ, - жиIащ министрым. - «ГъащIэм и кIыхьагъым пыщIэн» лъэпкъ IуэхущIэм хыхьэу, иужь дитщ гущIэгъуныкъуэкIэ зэрыкIэрыхьэу, «Амбулаторхэмэ зэрыгъэгъэуж» программэм. НэгъабэфIэмэпсымэ 26-рэ автотранспорт 14-рэ къызэрыIэпэкъэнэ зэгурыIуэныгъэхэм Iэ щIэздзащI. Iуэхущ-IапIэу 8 зыхуэя хуэдгъэзэнущ, амбулаторрэщIэуи 8 дуиузынущ. А IуэхуэмтекIуэдэнущ сом мелуан 508-рэ. Райпон поликлиникэхэм IэмэпсымэкIэ 21-рэ яIэрыгъэкIыжащ, абдеж яхэтщ маммографкъ блырэ, улыгразвуж IэмэпсымэщIырэ. IэжьыгъэхэмщIоужьэрэкI Светловодскэ, Белэ Речкэ, Кэнжэ куэджэхэм щацхуэ амбулаторхэмэи.

Iуэхугъуэ нэхъыщIэхэм ящыщу министрым къигъэлъэгъуащ Налшык къалэм щагъэуцо поликлиникэщIэр. Хуэныгъэ и кIэм нагъэсащ. IэмэпсымэкIэмрэ унэльащIэкIэмрэ щIэзыгъэувэ. IуэхущIапIэм Налшык къалэм и поликлиникэ №1-р, цIыхубэ консультацэмкIэ IэнатIэр (Кировым и уэрамым тетыр) хэтынущ. КъищынэмыщIауэ, я мурадщ Эндоскопием, УзыншагъэрегъэфIэкIуэныкIыныр цIыхубэ зиIэхэм щадзэпэкъуэн щIэзыгъэувэ.

Поликлиникэхэр IэмэпсымэкIэмкIэ къызэрызэгъэпэщам и гугъу щищIым, КъалэбатэмжиIащ нэхъ хуэныкъуэхэм дежкъыщыщIадзэурэ флюорографкэр, маммографкэр, рентген, ультразвук IэмэпсымэкIэр, эндоскопкэр къызэращIэкIуэр, мэкIэ лъэпкъхуэмкIэ я щIыпIкIэр къызэрапщIэкIэр зэрызэрагъэпэщар. ИджыпсэлIэмэпсымэкIэм акъыл IэрыщIэр къызэрыщIэсэбэпам и фIыгъэкIэ, къэухтэныгъэкIэм къагъэлъагъуэр нэхъ тэмэму яубзыхуф.

Министрыр тепсэлъыхьащ «КъБР-м медико-санитарнэ дэлэпыкъунигъэр цIыхухэм зэрыльагъэIэсым зегъэужьын» щIыналъэ IуэхуэмкIэ зэфIагъэкIам. КъуажэнэхъыбжьыкIэхэм я щIыпIкIэр къызэрагъэпэщам папщIэ, 2024 гъэм дохутырхэр апхуэдэ щIыпIэхэм 906-рэ кIуащ, цIыху мин 28-рэ 854-м епIащ. ФлюорографкэмкIэ къызэгъэпэща, ягъэIэпхъуэ транспортхэм хуэдэу 8-м цIыху мин 60-м нэблагъэм я узыншагъэр къыщапщытащ, цIыхубз мин 12,4-м я узыншагъэм щрагъэпIащ маммограф зэрыт апхуэдэ машинэхэмкI.

Министрым зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ нэхъыбэу цIыхухэм яIа IуэхущIапIэхэм къагъэлъагъуэ епхауэ щытащ лъэр зэрызекIуэм, етIуанэ уевIпIэр иIыгьт зэрыбауэм зэран хуэхъуэр, еущтэт лъатэмрэ кIэтIийхэмрэ, еплIанэу - эндокринно узыфэкIэр, етхуанэр псантхуэм екъалIат.

КъалэбатэмкIыхьэщащIыпIхуэзыфэкIэр зиIэкIэ нэхъ пасэу кIахуэтэным жьыдэжу зэрелэжьэн.

Балигъ ныбжьым нэмысахэм я узыншагъэм щыкIэлъэплъ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэу 11-м. 2024 гъэм зи узыншагъэ къапщытахэр 203 114-рэ мэхъу. Сабий мин 24-рэ 121-м я нэIэ трагъэтыну ятхащ. Балигъ ныбжьым нэмысахэм я процент 57,7-р узыншэу, процент 35-м узыфэкIэ яIэнкIэ шагъэуз пыпIу къагъэлъагъуэ, адрейхэм елъэIэн хуейуэ къыщIэкIащ.

Министрыр кIэутеувыIащ «Диабетым зэрыпэщIэт» IуэхуэзэрагъэзащIэм. Абы тещIыхьауэ республикэм къиIэрохьэ сом мелуан 54,8-рэ.

ГущIэгъэ зыхуэщIыпхъэкIэ ящыщу къэпсэлъам къигъэлъагъуэ «ЦIыхухэр гъащIэ узыншэ зэрыпхъэкIынум къыхуеджэнымрэ зэран зэрызыхуэхъуэ хьэлхэр зыхгъэзыхьымрэ» щIыналъэ Iуэхуэр. Ар гъэзэщIа хъуэ щхьэкIэ, щIыналъэ IуэхущIапIэкIэ псори зэгъэсэу абы елэжьын хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ «Демография» лъэпкъ Iуэхум хыхьэ «Нэхъыбжьэхэр» щIыналъэ Iуэхур.

Джэрэзыр илъэсым я мурадщ республикэм «Унагъуэ», «ГъащIэм и кIыхьагъым пыщIэн» Iуэхугъэхэр щагъэзащIэну. Абыхэм текIуэдэнущ сом мелуан 961-рэ. Псори зэхэту КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIы IэнатIэр лъэпкъ Iуэхуу 9-м елэжьынущ.

Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ поликлиникэхэр зыхуей щыхуагъазэ лъэхъэнэм щIыхьэгъэ пэсыми щIэныкъуэкIэ, илъэситхум зэрыпхъэшIэнэу хуэдэу), районхэм апхуэдэ Iэмал щаIэкъым, лэжьыгъэ зэблэкIеуитIыщIыуэ зэфIах, яГъэIэпхъуэ медицинэ дэлэпыкъуныгъэхэр къагъэсэбэп.

Республикэм и хабзэгубзыкъуэ Iузхущ-Iапэ къыгуэвыIащ Анзорей куэдкIэ Нартхэлэпэр я медицинэ Iэужщ-Iапэхэр транспорткIэ тэмэму зэрызэпымыщIам епха гугъуехьхэм, ЛъэныкъуэкIэ куэд къызэрызыбыдэ район зэхуаку сымаджэщым и хирургие къудамэмрэ лъхуапIэмрэ зыхуей зэрыхуэгъэзапIхэм. Апхуэдэуи къалэтащ сабийхэм зэрыбгъэм екъалIауэ узыфэкIэ щIэIэ щхьэусыгъуэкIэ, поликлиникэкIэ Iащ-Iапэ щхьэхуэзэбзыкъуэ Iузхущ-Iапэ щхьэхуэзэбзыкъуэ Iузхущ-Iапэмрэ папщIэ, МРТ зыщIэхэмкIэ, къызэрызэгъэпэща щIыкIэр, нэгъабэрэщIэIуэ зэрыкIэрэ.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкэкэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкэ и Комитетым и унафэщI Елиуз Нинэ жиIащ щIыхуэм хабзэубзыкъуэ Iузхущ-Iапэм зэрыбгъэм ехьэлIауэ узыфэкIэ щIалэ щхьэусыгъуэкIэ, поликлиникэкIэ Iащ-Iапэ щхьэхуэзэбзыкъуэ Iузхущ-Iапэмрэ зэрызэрыхуагъазэр сабий поликлиникэхэм яIэ гугъуехьэхэмкIэ. Ар щIэупщIащ зэфIэкI зиIэ Iэщ-Iагъэлэпхэр яIэрэ ямыIэрэ. Министрым жиIащ «КъуажэдэкIуэр» программэмкIэ и фIыгъэкIэ, къызэрызэрагъэпэщар Iэщ-Iагъэлпхэр нэхъ зыхуэгъэпсыкIуу щытэ Iузхущ-Iапэхэр. Абы къыхигъэщащ сабий дохутыру ерджэхэм я бжыгъэми зэрыхэхъуар, ар къэкIуэну зэманым къаззэрыщхьэпэнур.

КъБР-м и Парламентым щIэIэ «Захуагъэ зэдзыщIэ Урысей - Пажым и тепъхьэ» фракцэм и унафэщI Кебеков Владимир министрым зыхуигъэзащ Уэзрэдж къуажэм дэт поликлиникэм и лэжьэкIэ и нэIэм щIигъэувэну.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныкIэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI КъэжэгуукIэ Аслъан жиIащ щIыхуэм зэрыхэхъуар, ар къэкIуэну зэманым къаззэрыщхьэпэнур.

КъБР-м и Парламентым щIэIэ «Захуагъэ зэдзыщIэ Урысей - Пажым и тепъхьэ» фракцэм и унафэщI Кебеков Владимир министрым зыхуигъэзащ Уэзрэдж къуажэм дэт поликлиникэм и лэжьэкIэ и нэIэм щIигъэувэну.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныкIэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI КъэжэгуукIэ Аслъан жиIащ щIыхуэм зэрыхэхъуар, ар къэкIуэну зэманым къаззэрыщхьэпэнур.

ЗэIущIэм нэгъэщIэ IэхуэгъэзэнкIэ щытепсэлъыхьащ. Абдеж къыщыхалъхьащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ мэзищкIэ и министерствэм ещанэ щIыналъэхэм я Iэнэм къытехьэ йолIэжьэр.

Депутатхэр хэплъащ «КъБР-м и хеящIэхэм я коллегием жылагъуэм я лIыкIуэхэр зэрыхагъэхъэ щIыкIэм техуауэ» КъБР-м и Законым хэхуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IэдакъэкIэ къэбэрдей-Балъкъэр хъумэным, хьэуам и кIабзагъэм зэрыкIэлъыплъым, егъэджэныгъэм, УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я щIэнымк техуха федеральнэ законхэмрэ нэгъэщIэ щIыналъэхэм я жэрдэмкIэ.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ КъБР-м и МЧС-мрэ щIыпIэ унафэр зехьэныкIэ IэнатIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъ ирагьгу.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ-Iапэ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Акъбащ Ипщэм щызэрахьа лейр

ТекIуэныгъэр Иныр илъэс 80 щрикъу мы илъэсым псори нэхъ набдзэгубдзапIэу дыхопIэжьи Хэку зауэшхуэр ди щIыналъэм къыздэкIуэ-гъэкIыжыр тхыдэ напэкIуэцI-хэм.

НОБЭ зи гугъу тщIыну Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ипщэм зэрыпхъуакIуэхэм кыщагъэна лъэужь гущIэгъунэ-шэхэри. КъБАССР-м и архивым ехъумэ абы теуха сатыр-хэр. Адыгэбзэм къидгъэзэгъа мы дэфтэрым узыщрихьэлIэ унэщIэхэм дэ къыщежьэну щымыIэ пэтми, хэт ищIэрэ, гур зыгъэзыщIэ а сатырхэр зи унэхъуапхэр е зи благъэхэр къэзыщIохуужкэм я унагъуэ тхыдэр зэрыгъэзэкъуэжыну Iэмал яхуэзхуныкIи хъунщ.

«Акъбащ Ипщэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр къызэрыдыхьэрэ, 1942 гъэм и щэкIэгъуэм щегъэжьауэ, хъунщIэныр зи нэрыгъ фашист армэм и сэлэтхэм мамыру псэуа совет цIыхухэм леиишхуэ ирахащ, - дыкъыщоджэ зи гугъу тщIы дэфтэрым. - Ялэ махуэм къыщыщIадза-уэ, цIыхубэр зэхэзекуэн ящIат абыхэм, жылэм хэкIэкъуэ-кIэм хуэдэу хущIыт. Гестапэм и штаб нэхъыщIэр Тэрч район-ым хуэбыдэ Акъбащ Ипщэм пэмыжыжьэу, Тамбовскэ къуажэм къыщыщIэрагъэпэщати, цIыкIуэгъуэм и 6-м къуажэдэкIэ къаубыдурэ ягъэтIысын щIадзащ. А махуэм щегъэжьауэ дыгъэзаззэм и 2 пщIондэ, я мурад ерухэмкIэ совет цIыхубэр дакъузэн папщIэ, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къагъэсэбэпащ езыхэм жыIэщIэ яхуэхъуэ полицай епцIыжакIуэхэр икIи гестапэм и лъэхъуэщым цIыхуи 10 ирадзауэ щытащ. Ахэр щэхуу къыщIашIыт, зы километр хуэдизкIэ фIэкIа къуажэм пэмыжыжьэ Дубки губгъуэм яшэрти, зыгъэзыну мащIэ я IэкIэ абдеж дыдэм къыщагъэтIыпт. Гестапэм и лъэхъуэщым блэкIэжьэм зэхахыпт лей зрах сомэт цIыху ягъэтIысахэм я щIыгъуэ кIий макъхэри. Дыкъыщыкифлъхъуэнур мыбдежырщ жыхуаIэу, Iэмал щагъэзытым деж, хэпсым и дамэдзэзэмкIэ е нэгъуэщI гъуэгу щэхукIэ гъэрыIыгъэ мыдрей къуажэдэсхэм хъыбар къыхуагъэзэжыр, я хьэдэхэр къыщагъэтыжыну мащIэ здэщыIэ щIыпIэр къыгурагъэIуэу.

Дзэ ПтыжьэщI къыздэкIуэгъэм и хъыбар къэIуа нэужь, къуажэм дэкIожьэн игъэкIэ, нэмыцэхэм яубыдэжэр зи гугъу тщIа щIыпIэм яшэри, удыныкъуэ ирагъэшэчащ: я фэхэр зэгуагъэкащ, я нэхэр иращIащ, фоч дакъэкIэ яубэрожьэкIэри, мащIэм ирадзэкащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къуажэм дахужа, гестапэм и штаб нэхъыщIэр Дзэ ПтыжьэщI хъуэжьэ нэужь, Дубки щIыпIэм деж щыщIалъхьэхэр хэтми зэхагъэкIын папщIэ, комиссэ зэрагъэпэщауэ щытащ. Тэрч районым и Советым и депутатхэм я унафэщI Гувэжокъуэ ПIитIэ, 3-нэ нагъыщэ зиIэ дзэ дохутыр Шойхет, Дей къуажэм щыщ цIыху зыбжанэ яхэту. Ялэ къуажэ абдежым кърашэIэ благъэхэм къалыжкъуэ щытащ:

1. Къэрэшей Лул Елмырзэ илъэс 63-рэ, ВКП (б)-м хэт, Орджоникидзэ и цIэр зезыхьэ колхозым и колхозхэт къыздэкIуэ, Акъбащ Ипщэм щыщ.

2. Къэрэшей Чамилэт Дыкъуэ илъэс 75-рэ, ВКП (б)-м хэт, Орджоникидзэ и цIэр зезыхьэ колхозым и колхозхэт къыздэкIуэ, Акъбащ Ипщэм щыщ.

3. Дыкъуэ Билал Къэрэмырзэ и къуэ, илъэс 40, ВКП (б)-м хэт, Акъбащ лубзабодуем и гуащIэрыпсэу, Акъбащ Ипщэм щыщ.

4. Iусейн Iэбубэчыр Зэчрей и къуэ, илъэс 28-рэ, партым хэтакъым, Тэрч районым и НКВД-м и лэжьакIуэ, Акъбащ Ипщэм щыщ.

5. Тэмэн Хьэутий Хьэмид и къуэ, илъэс 27-рэ, ВКП (б)-м хэт, Осоавиахимым и кIуданэ-мэ Курп гаIэсхэтыкIэм и инструктор и унафэщI, Акъбащ Ипщэм щыщ.

6. Горчханов Исмэхьил Исмэхьил и къуэ, илъэс 42-рэ, партым хэтакъым, Акъбащ лубзабодуем и комендант.

7. Уэлдэкъо Хьэмбарэ Iэсхьэд и къуэ, илъэс 41-рэ, ВКП (б)-м хэт, Акъбащ къуажэм и депутатхэм я советым и унафэщI.

Акъбащ Ипщэм щызэрахьа лейр зи Iэ кыкIэхэр: Тамбовскэм щыIа гестапэм и штабым и унафэщI нэхъыщIэхэ Гунрэ следователь нэхъыщIэхэ икIи комендант ЧёрнэрэщI.

Дзэ ПтыжьэщI зэрыпэжьымкIэ щIэзэгуэныгъэ зэрыхэхъуар: Къэрэшей Т., Бэгъуэт К., Пыуасэ М., Щомахуэ Р., КIыщ С. сымэ. Райсоветым и гъэзэщIакIэ комитетым и унафэщIымрэ секретарымрэ я унэщIэхэр зэхэщIыкIыгъуэкIым».

Сыт щыгъуэми утыкум къыщIрахьар жызыIэри щыIэнкIэ хъунщ. Ауэ Акъбащ Ипщэ къуажэр нобэми и пIэ итщ. Мы цIэ-унэщIэхэр зезыхьэхэри абы дэсщ. ЦIыхухэмэшIэным и хъыбарыр щIаджыр абы къызэрытрамыгъэзэн Iэмал яка-гъэтын папщIэ, БлэкIам елъэпауэм нобэри хуэфащэкъым щыIэныгъэ арагъэнщ.

Жыг зытехуэри пщIащэ зытехуэри мэгурым. Дэ «псы къижэкъыми, уэздыгъэ итгъуэнкIыфIати» жыпIэурэ, дыщIэтхъэусыхэм махуэ къэс къыдогъуэтыф. Зэзэмызэ укъэувыIэурэ узэгупсысын куэд дэлъщ мамыр махуэ къэс и щыбагъым. Тхьэм апхуэдэ гуаэ зыми иримыгъэлъагъукIэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Iэнэм къытехьэху

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм джэш хъурейр хэсэн щIадзащ. Псалъэм къыдэкIуэу, Прохладнэ щIыналъэм япэ кIэрат 500-м нобэкIэ ар щыхэщIащ. Зэрыхабзэу, а къэкIыгъэ щхьэнтIэкIэ гектар мини 5-м нэблагъэ республикэм щыхуэхъах, мы гъэми а бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунукъым.

ДИ щыналъэхэм джэш хъурейр нэхъыбэу щызэшIэр конверь заводхэрщI, адэкIи ахэр къэзыхьэIэжэрэ, а хадзэкIыр къэнжал банкIэхэм изыльхьэу тезыIуантIэкэри ахэращ - зэрыжаIэу, губгъуэм къыщыщIэдзауэ цIыхухэм я Iэнэм къытехьэху йолIэжьэр.

УФ-м и Росстатым иджыблагъэ къызэритамкIэ, банкIэхэм ираIахьэ джэш хъурейм хуэдэу тонн мин 16-м нэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ къыщрахьэлIэжащ икIи Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм псоми зэхэту яхуэзэфIэкIам и процент 90 мэхъу ар.

Урысей Федерацым и щIыналъэхэм псоми зэхэту хъурейуэ нэгъабэ къагъэкIам и куздзэлъым и гугъу тщIымэ, етIуанэ уевIпIэр ди республикэм иубыдащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIыналъэхэм я зэпеуэм кърикIуар

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (АСМО) и правленэр КъБР-м и Правительствэм щызэхьэщащ. ЗэIущIэм Iуэхугъуэ зыбжанэ щызэпкърахащ, ассоциацIэм и щIыкIэ тхылъ зыхуагъэфащэну депутатхэмрэ район администрацэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я цIэ къыщрагъуащ.

ЩIЫНАЛЪЭ мыхьэнэ зиIэу зэфIэхыпхъэхэм ятеуухуэу республикэм и къуажэхэм къыщысэбэпыну чэнджэщхэм я Iуэхугъэ къэпсэлъащ КъБР-м и АСМО-м и правленэм и унафэщIым и къудзэ, Май районым и администрацэм и унафэщI Саенко Татьянэ. Абы къыхиутхъащ щхьэж хэзыщIэнIейтей Iуэхугъэхэр зэхагъэкIын папщIэ къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэм папщIэ анкетэхэр зэхагъэувын, къуажэ унафэщIхэр зыхэт семинархэр егъэкIуэкIын хуейуэ. Саенко Татьянэ жиIар къалъытэри, къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэм къалэн щащIащ я лэжьыгъэ маззм, илъэс ныкъуэм, илъэсым тещIыхьауэ яубзыхуну; администрацэхэм я унафэщIхэр къуажэдэсхэм щалыщIэну Мамхуэжэмрэ сыхьэтхэмрэ ягъэбелджылыну; къуажэ администрацэхэм я лэжьыгъэ хэзыбарегъащIэ Iэмалхэмкэ я кыагъэлъэгъуэну.

УФ-м и Президент Путин Владимир 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м Унафэ къыдигъэкIащ щIыпIэ самоуправленэм и махуэр къэралым зэрыщагъэлъэпIэнум текуауэ. Мамхуэшхуэр трагъэхуащ мэлыжьыхьым и 21-м. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я советым» и гъэзэщIакIуэ унафэщI Маслов Николай къэпсэлъащ. Мы гъэм ар зэрыщагъэлъэпIэнум текуауэ. Кыыхигъэщащ ар мэлыжьыхьым 21-м щегъэжьауэ 23 пщIондэ ирагъэкIуэкIыну зэрамрадыр. Курыт еджапIэхэм щатынущ къуажэм и тхьдэм текуа дерс зэIуахэр, щэнхабзэмкIэ унэхэм щагъэлъэгъунущ кIэнцертхэр, муниципальнэ лэжьакIуэхэр хэтынущ спорт зэпеуэхэри.

Республикэм 2024 гъэм щекIуэкIа «Къуажэ нэхъыфI» зэпеуэм кърикIуахэр Маслов Николай игъэбелджылащ. Абы щытекIуащ Бахъсэн районым хиубыдэ КъумпэкъуэкIэ Ипщэр. ЕтIуанэ хъуащ Шэджэм районым хыхьэ Звёздный къуажэр. Ещанэ уевIпIэр лъагъэсащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Сэрмакъ къуажэм.

«Къалэ администрацэ нэхъыфI» зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Iуащхьэмахуэ районым хиубыдэ Тырныауэ къалэм.

«Муниципалитетым и унафэщI - бзыльхъугъэ нэхъыфI» зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъытащ Май щIыналъэ администрацэм и унафэщI Саенко Татьянэ. Дипломант хъуащ Дзэлыкъуэ раоным хыхьэ Псынэдахэ къуажэм и администрацэм и унафэщI Пщыкъ Маринэрэ Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къудзэ Дыгъужь Нателлэрэ.

«КъБР-м и муниципалитетхэм я лэжьыгъэр нэхъыфIу къэзыгъэлъэгъуа хъыбарегъащIэ Iуэхугъэпэ нэхъыфI» зэпеуэм япэ уевIпIэ щыхуагъэфащащэ Доткъуэ Сэфарбий зи редактор нэхъыщIэхэ "Баксанский вестник" газетым. ЕтIуанэ уевIпIэр ираташ Хьэныч Зумадин зи редактор нэхъыщIэхэ "Лесненская газета»-м и редакцэм. ЕщIанэ уевIпIэр лъысащ Юрченко Наталье зи унафэщI «Майские новости» газетым. Зэпеуэм и дипломанту яГъэбелджащIащ Доткъуэ Сэфарбий зи редактор нэхъыщIэхэ "Баксанский вестник" газетым. ЕтIуанэ уевIпIэр ираташ Хьэныч Зумадин зи редактор нэхъыщIэхэ "Лесненская газета»-м и редакцэм. ЕщIанэ уевIпIэр лъыс

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Гулъытэ хьэмэрэ пщIэ?

● Жылагъуэ

Къэхутэныгъэхэм къагъэлъагъуэ: цIыхубзхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 59-м къыщыщIэдзауэ нэхъыжьхэу, цIыхухъухэм - зи ныбжьыр илъэс 64-м щхьэдэхахэу зэупщIахэм я процент 41-м мы зэманым Урысейм лэжьапIэ къыщалъыхъуэ. МыщIалэжхэм илъэс бжыгъэр къыщыпаубыд лъэхъэнэр блэкIа хуэдэщ. IэнатIэ къэзылъыхъуэхэм я Iыхьэ щанэм (процент 33-м) жаIащ лэжьапIэ зытхэм пенсионерхэм нэхъыбэрэ зыкъыхуагъазэ зэрыхъуар. Абы щыхьэт тохъуэ нэгъабэ зи ныбжьыр илъэс 51-м къыщегъэжьауэ 60-м нэс цIыху мелуани 8,5-р Iуэхущ IапIэм щылэжьэ-ну зэрырагъэблэгъар. Ар 2023 гъэм апхуэдэ пщIэ зылъысахэм нэхъ-рэ процент 95-кIэ нэхъыбэщ. Илъэс 61-м щIигъуауэ IэнатIэ ягъэуващ цIыху мелуан 1,3-рэ.

СЫТ ар къызыхэкIар? Нэхъыжьхэм хуащI пщIэмрэ гулъытэмрэ къагъэзэжауэ ара, хьэмрэ Iэмалыншагъэм ирихулIа?

Языныкъуэ IэщIагъэлIхэм къалъытэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэр нэхъыжьхэм лэжьыгъэм нэхъ зэрыхащIыкIыр, ахэр иджыри сэбэп зэрыхъуфынур къазэрыгурыIуам и Iэужьу. Адрейхэм къехьэкIнехьэкI хэмылъу жаIэ Iуэху зезыхьэхэр апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм зэфIэува щытыкIэм ирихулIауэ. «Пенсионерхэр къыщIащтэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр лэжьакIуэхэр зэрахуримыкъурщ, апхуэдэу ахэр улахуэ нэхъ мащIэми арэзы зэрытехъуэрщ, пщIэ зыхуамыщI IэнатIэри ирахьэкIыну зэрыхьэзырырщ» къыхегъэщхьэхукI УФ-м и Правительствэм и деж щыIэ Финанс университетым и профессор Сафонов Александр.

Пенсионерхэр нэхъ я гуапэу щрагъэблагъэ Iуэхутхьэбзэхэр щащIэ IуэхущIапIэхэм, егъэджэныгъэ IэнатIэм. Ахэр тыншу яхозагъэ сатум, IэщIагъэ къыщыбгъэсэбэпын хуейхэм. Куэдым къалъытэ нэхъыжьхэр бжыгъэ технологиехэми хуэмыIейуэ. Абыхэм къащыхуэныкъуэщ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я IэнатIэхэр. Мыбдеж къыщомэщIэкI IэщIагъэлI нэхъ щIалэхэр.

Арщхьэкlэ, мис а къэхутэныгъэ дыдэхэм сэтей къызэращIамкIэ, щыIэщ нэхъыжьхэр зрамыгъэкIуалIэ IэнатIэхэри. Ахэр технологиещIэхэм, финансхэм, маркетингым япыщIахэрщ, ерыскъы щызэрахьэрщ. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэ хуэдэщ: абыхэм ахъшэ нэхъ щызокIуэ, я пщIэри нэхъ лъагэщ. Ауэ абы и закъуэкъым.

Мыбдеж щынэрылъагъущ ди гъащIэм иджыри эйджизмыр (цIыхухэр я ныбжькIэ зэхэгъэж щIыныр) зэрыхэмыкIыжар. ЕтIуанэрауэ, а IэнатIэхэм ныбжьыщIэхэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэхэр къыщызэIуах икIи езыхэм яхуэдэ ялъагъумэ нэхъ къыщащтэ, дагъуэ къахуэзыщIын е мыарэзын къахэт нэхърэ.

Пэжу, зи гугъу тщIы лъэпощхьэпохэр къыхэкIынкIэ мэхъу езы лэжьыгъэр зыхуэдэи. ПсалъэмкIэ, хьэтыркIэ, мыщIалэж цIыхур хэзагъэркъым IэпщIэ къару зэхьэлIэн хуей лэжьыгъэм. Ар икIи ирихьэкIыу къыхуидэнукъым къэралым. Апхуэдэ щытыкIэ щыщыIэщ нэгъуэщI IэнатIэхэми. Езы пенсионерхэми къалъыхъуэркъым я къару дэмыхуэнхэр. Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ итIани белджылыщ ипэIуэкIэ зи гугъу щытщIа зэхэгъэжыныгъэр Iуэхум зэрыхэлъыр. Языныкъуэ унафэщIхэм нэхъ щIалэхэр нэхъ жыджэруи къащохъу. Уеблэмэ, куэдрэ къигъэлъей пэтми, апхуэдэ фIэщхъуныгъэр яхузыхэныркъым.

НэгъуэщIи. Хэбгъэзыхьмэ, ар икIи нэхъыщхьэу къыщIэкIынущ. Сыт нэхъыжьхэм лэжьапIэ къыщIалъыхъуэр? Къалэжьынур къалэжьащ, щхьэ ябгъэдэмысрэ я къуэрылъху-пхъурылъхухэм? А упщIэхэм ират жэуапхэм я нэхъыбэр зэхьэлIар, дауи, псэуныгъэрщ. Ди къэралым пенсэхэр зэрыщымыиным хэти щыгъуазэщ. Ар куэдым къомэщIэкI икIи узыншэ дэтхэнэри хуейщ лажьэурэ и псэукIэр иригъэфIэкIуэну. Арщхьэкlэ фэ теткъым абы и лъэныкъуэкIэ нэхъыжьхэм къапкърыкI жэрдэмыр езы къэралым диIыгъыщэу. Ар белджылы хъуащ лажьэ пенсионерхэм иратхэм хуащI индексацэхэр «пIалъэкIэ» къыщызэтрагъэувыIа 2016 гъэм. Ар захуагъэтэкъым: индексацэр зыпыщIар инфляцэрщ икIи ар сыт щыгъуи псоми къажьэхоуэ. Илъэси 9 енкIэ пенсионер-лэжьакIуэхэм я пенсэхэр я пIэ итащ, адрейхэм ейхэр индексацэ ящIащ. Арати, зэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу зэлъэщIыхьэжащ зи гъащIэ псор лэжьыгъэм пэрыту езыхьэкIахэмрэ зрикъун хуэдиз стаж (илъэс 25-рэ) къезымыхьэлIахэмрэ иратыр.

Пэжщ, индексацэм щIадзэжащ 2025 гъэм и щIышылэм. Ауэ абы и лъабжьэу ягъэувар 2016 гъэм зэрыхъуу щытарщ. Дэтхэнэми и дежкIэ нэрылъагъущ мыбы хэлъ мызахуагъэр. Ар куэдым ягу къоуэ.

Лажьэ жьыкIэфэкIэхэм ди деж зэращыхущытыр къегъэлъагъуэ ахэр зэрытIысыжу благъэкIа индексацэ псори я пенсэхэм зэрыхущIагъужым.

Мы тхыгъэм къыщытхьа къэхутэныгъэхэм дызрагъэгупсысар зыщ: нэхъыжьхэр нэхъ яфIэфIу лэжьапIэ ягъэув зэрыхъуам къикIыркъым абыхэм ди къэралым щаIэн хуей гулъытэмрэ пщIэмрэ зэфIэувэжауэ. Ахэр щыхьэт зытехъуэр Iуэху зезыхьэхэр абыхэм къахуей зэрыхъумкIэ, нэгъуэщIкъым.

Ар ди жагъуэ мэхъу. Нэхъыжьхэм я гъащIэ псор траухуащ къэралым, абы фIыгъуэ иIэным хуэлэжьэным икIи нэгъуэщI щыIэу ящIэркъым.

Еджагъэшхуэми, псэукIэмыщIэт

Тхыдэм къыхэна цIыхушхуэхэм я къекIуэкIыкIар щихъхэм я псэукIам ещхьщ абыхэм ятеухуауэ тщIэр мащIэщ е зыри тщIэххэркъым, я Iэужьхэм, къызэранэкIа лэжьыгъэхэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу дажьэхэуэ пэтми. Абыхэм шэч гуэри хэмылъу яхэбгъэхьэ хъунущ тхыдэр къызэзыгъэдзэкIа Маркс Карл.

ИДЖЫПСТУ абы и цIэр куэдрэ къапсэлъэжыркъым, ауэ блэкIа зэман мыжыжьэм ди еджапIэ нэхъыщхьэхэм зы студенти къыщIигъэкIынутэкъым, щIэныгъэ коммунизмэмкIэ е политикэ экономиемкIэ экзаменхэр имытауэ. Хэт хъуну атIэ апхуэдизу яIэта цIыхур?

1818 гъэм накъыгъэм и 5-м Трир нэмыцэ къалэм къащалъхуа Карл зыми хуэмыныкъуэу къэхъуащ. Абы и адэ Генрих нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Хершел Леви Мордехай зи Iуэху дэкI уэчылт, лъэпкъкIэ журтт. Нэмыцэхэм яIэрыхьэн ипэкIэ Трир франджы къалэу щытат. А къэралым пIыгъ диныр лъэпощхьэпо щыхуэхъуртэкъым уэчыл лэжьыгъэм, ауэ Германием бегъымбар Мусэ и Iумэтхэр щыхуиттэкъым абы пэрытыну. Карл и адэр динщIэкъутэкъым, арщхьэкIэ Хершел цIэр къигъанэри, лютеран члисэм екIуалIэ чристэн Генрих хъуащ.

И адэр хуабжьу хуеящ и къуэр езым и лъэужьым ирикIуэну, ауэ Карл фIэфIтэкъым хабзэхэр гукIэ зригъэщIэну, ар зыхуейр философиерт. Бонн и университетым и юстицэ факультетым и студенту ябжми, лекцэхэм зэзэмызэ фIэкIа екIуалIэртэкъым, зэманым и нэхъыбэр щигъакIуэр «Стенли» каферт. Езым хуэдэу унагъуэ къулейхэм къахэкIахэу 30 и гъусэу а ефапIэм «профессор клуб» къыщызэIуахат. Адэ-анэхэм къыхурагъэхь ахъшэхэр ирагъэсыкIырт.

Генрих къищIауэ къыщIэкIынущ и къуэм зэманыр зэригъакIуэ щIыкIэр. Абы щыгъуэми, хэIущIыIу хъуат ар езым хуэдэ студентым щIакIуэкIапэм зэрыщезэуар. Сыт хуэдэу щытами, Берлин университетым игъэIэпхъуащ аргуэру юриспруденцэр щиджыну. ЯпэщIыкIэ Карл апхуэдэуи ищIащ, ауэ иужькIэ Гегель Георг и гупсысэхэм дахьэхри, «Доктор» клубым хыхьащ. Гупым и пашэт зэман дэкIыу цIэрыIуэ хъуахэу Фейербах Людвигрэ Бауэр Брунорэ хуэдэ философ ныбжьыщIэхэр. Университетым кIуэжыртэкъым, Карл и дежкIэ хуабжьу нэхъ гъэщIэгъуэнт мыбы щекIуэкI зэдауэхэр. Адэ-анэм къыхуагъэхь ахъшэхэр щIалэм псынщIэ дыдэу иригъэкIырт. ЛIэн гъунэгъу хъуауэ Генрих и гугъэр хихыжат и къуэм юрист къыхэкIыным.

Карл динынш. Члисэм щыкIуэхэм деж ар Фейербах и гъусэу чэф хъуху ефэрт, дыхьэшхыу щIэтт. Маркс Берлин университетыр къиухакъым, философиемкIэ доктор ар щыхъуар Йенэ университетырщ - мыбы экзаменхэр щумыту диссертацэр щыбгъэлъагъуэмэ, Iуэхур щызэфIэкIырт.

1843 гъэм Маркс щхьэгъусэ хуэхъуащ Трир и нэхъ унагъуэ къулейхэм икIи и нэхъ хъыджэбз дахэхэм ящыщ фон Вестфайллен Женни. Абы къыдэкIуэн папщIэ пщащэр къыпыкIащ лIакъуэлIэш зыкъизыхым. СыткIэ ар Карл апхуэдизу къызэрыдихьэхар? И усэхэмкIэщ. И дэтхэнэ письмори иухырт абы хуитха усэхэмкIэ. А усэхэр езыхэр мыхьэнэншэти, уеблэмэ, традзэн ядэртэкъым нэхъ газет мыхьэнэшэ цIыкIухэми. АрщхьэкIэ лIэхукIэ Женни къилъытащ абыхэм нэхърэ нэхъыфI дунейм темыту.

Езы Карл теплъэкIэ къикIатэкъым, лъакъуэ Iушэт, ауэ «нэм илъагъур псэм фIэдахэщ». Зэрышахэм япэ мазэр щагъэкIуащ Швейцарием. Абы щыпсэухэм ягу къинэжащ ныбжьыщIэхэм жумарту ахъшэ зэрагуэшыр. Езыхэм къагъэзэжащ Женни дыщтыну къыхуащIа псори яIэщIэухауэ. Абы щыгъуэми, Маркс IэнатIэ иIэтэкъым, лэжьэнуи фIэфIтэкъым. Ауэ хуейт къызыхуэтыншэу икIи тхъэжу псэуну.

Карлрэ Женнирэ я Iыхьлыхэмрэ цIыхугъэхэмрэ ахъшэ щхьэкIэ елъэIуу щIадзащ. ТIури Париж Iэпхъуащ, абы Маркс щыуващ газетым и редактору, ауэ зы номер фIэкIа къыдэмыкIыу зэхуащIыжащ, хабзэхъумэхэм гу къылъатати. АрщхьэкIэ Карл ящыгъупщакъым и нэмыцэ ныбжьэгъухэм. Абыхэм таллер мин хузэхуахьэсащ къэкIуэну дунейр зыхуэдэнур къэзылъэгъуа философым - апхуэдэ цIыхур ахъшэ хуэныкъуэ хъунутэкъым.

И насып къикIри, Маркс шахматистхэр щызэхуэс «Кафе де ля Режанс» шхапIэм къыщицIыхуащ нэмыцэ социалист Энгельс Фридрих, мыгувэу и ныбжьэгъу дыдэ хъуар. ИужькIэ аращ ахъшэкIэ къалъыкъуэкI Iуэху псори хузэфIэзыгъэкIар. Карл абы ахъшэ къыIихырт, нэхъапэм и адэм къыIэщIигъэкIыу зэрыщытам хуэдэу. Ауэ икIи купщIафIэуи зэдэлажьэрт. 1844 гъэм ирихьэлIэу Маркс Iуэху еплъыкIэ зэфIигъэуващ Гегель и диалектикэр, франджы социалист-утопистхэм я лэжьыгъэхэр, инджылыз политэкономиер къигъэсэбэпри. КIэщIу жыпIэмэ, марксизмэр.

АпщIондэхукIэ Карл япэщIыкIэ Франджым, иужькIэ Бельгием, къыкIэлъыкIуэу Британием кърагъэкIащ: дэнэ щIыпIи щалъагъуну хуейтэкъым цIыхухэр зэщIэзыгъэстыр. Лондон абы щитхащ и лэжьыгъэ нэхъ ин дыдэр - «Капитал»-р. ИкIи сыт щыгъуи къыщыкъуэтт Энгельс. Зэгуэр къулей хъуным щыгугъыу Маркс биржэм щыджэгуу щIидзат, ауэ мыгувэу факъырэ дыдэ хъуащ, ахъшэу иIэр фIахьэхури. Абы финансист ауэ жыжьэуи къыхэкIынутэкъым. Ар къызыгурыIуэ Фридрих абы илъэс къэс тещIыхьа «улахуэ» Маркс хуигъэуващ, псори зэуэ мыдрейм иримыгъэкIын папщIэ. А «улахуэр» Маркс Iэрыхьащ псэухукIэ.

Ауэрэ Маркс (абы и гъусэу Энгельси) дунейм цIэрыIуэ дыдэ щыхъуащ. Абы и «Капитал»-р революционер псоми я гъуазэт. Ар къэсащ Урысейми. Ленин Владимир пщIэшхуэ дыдэ хуищIырт Маркс и лэжьыгъэхэм икIи ахэр псом япэ иригъэщырт.

Маркс лъэIэсырт дунейм щекIуэкI Iуэху псоми. ЖытIэну ирикъунщ адыгэхэм ди дежи къызэрысар. Абы телъыджэ щыхъурт шэрджэсхэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм къыщагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Къэралхэм адыгэхэм ятеухуауэ фитIнагъэ хэлъу иригъэкIуэкIа политикэр къызыхэщ тхыгъэ зыбжанэ къигъэнащ, ауэ псом нэхърэ нэхъ цIэрыIуэщ «Капитал»-м и етIуанэ инджылыз къыдэкIыгъуэм хуищIа пэублэ тхыгъэм къыщыхигъэщхьэхукIа мы псалъэхэ: «Дунейм и цIыхухэ! Шэрджэсхэм я деж зыщевгъасэ щхьэхуитыныгъэр зэрахъумэм!»

Иужь илъэсхэм Карл узхэм зэщIаубыдат, и щIалэгъуэми къэзыгъэпIейтейуэ щыта псори къызэщIэбэтат. Философыр илъэс 64-рэ фIэкIа къимыгъэщIауэ лIащ и щхьэгъусэ Женни дунейм зэрехыжрэ мазэ 15 дэкIа иужь. Ар абы щыбгъуралъхьащ Лондон и Хайгет кхъэм. 1956 гъэм мыбдеж и кхъащхьэм трагъэуващ жэзым къыхэщIыкIа и бюст.

ТэмакъыщIэм къыщIэгъуэлъхьат гурыщIэ пщтырхэр

● Дызэкъуэту

Урысей Федерацэм гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэхугъуэ хэхар (СВО) зэраублэрэ илъэс еплIанэр йокIуэкI. Къэралышхуэм и субъектхэм ящыщу зыри къэнакъым а зэпэщIэувэныгъэм зи щIалэхэр зымыгъэкIуа. СВО-м лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бынхэри. Ди щIыналъэм и унагъуэ куэдым я къуэхэр, щхьэгъусэхэр, дэлъхухэр, адэхэр Iутщ а зауэ IэнатIэ ткIийм, Хэкур, лъэпкъ напэр яхъумэу, къикIуэт ямыщIэу.

АРУАН щыналъэм хыхьэ Къэхъун жылэ Iумахуэм и щIалэхэм ящыщ куэд мы зэманым Iутщ зауэ IэнатIэ хьэлъэм. Абыхэм я цIэхэр мызэ-мытIэу къыщраIуэ районым щызэхашэ хэкупсэ зэхыхьэхэм, хэкум и къыщхьэщыжакIуэу, хъумакIуэу щыт абыхэм ятеухуат къуажэм дэт курыт школ №1-м (унафэщIыр Понэж ФатIимэщ) иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща зэхуэсыр. А еджапIэр илъэс зэхуэмыдэхэм къэзыухауэ мы зэманым СВО-м хэт щIалэхэм я цIэхэр зытет, сурэтхэр зыфIэлъ плIанэпэ ин къыщызэIуахащ абы. Жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм кърагъэблэгъат Аруан районым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм, МВД-м, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я ветеранхэм я щIыпIэ зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр, жылэм и нэхъыжьыфIхэр, зэхуэсыр зытеухуа зауэлIхэм я адэ-анэхэр, щхьэгъусэхэр, анэкъилъхухэр, бынхэр, нэгъуэщIхэри. Ар ирагъэкIуэкIащ еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Езий Оксанэрэ гъэсэныгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Бжьыхьэ Данэрэ.

Школым и гупэм къит утыкушхуэри екIуу хуэщIат зэхуэсым: лъагэу Iэтауэ абы щыхуарзэ къэрал ныпхэр я гъуазэу абдеж щеувэкIат удз гъэгъарэ шар гъэпща зэмыфэгъухэмрэ куэду зыIыгъ ныбжьыщIэхэр, гуп къэс я класс унафэщIхэр ящIыгъуу. Апхуэдэ хэIэтыкIа щытыкIэм хуэкIуэпсу зэхуэсыр къызэIуахащ УФ-м и къэрал гимнымкIэ.

- Нобэ ди Хэкур щытыкIэ гугъум итщ. 2022 гъэм и мазаем къэралыр къэуващ Донбассым и къыщхьэщыжакIуэу, и щхьэхуитыныгъэм и хъумакIуэу. Апхуэдэу щIидзащ илъэс еплIанэ хъуауэ екIуэкI СВО-р, - жаIащ зэхуэсыр езыгъэкIуэкIхэм. - Мамырыгъэм и хъумакIуэу нобэ зауэ IэнатIэм Iутхэм мымащIэу яхэтщ ди курыт школым щеджахэр. Я ныбжькIэ щIалэми, абыхэм къагъэлъагъуэ зауэ зэфIэкIышхуэ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъщ, я пщэрылъ къалэнхэр къызыхуэтыншэу ягъэзащIэ, зыхэтхэми щапхъэу щагъэлъагъуэ.

Къэхъун дэт курыт еджапIэ №1-р къэзыухауэ мы зэманым зауэ IэнатIэм пэрытхэм я бжыгъэр псори зэхэту цIыху 40-м нызэрохьэс. Абыхэм яхэтщ зауэр зэраублэрэ фронтым Iутхэри, уIэгъэ хъууэ зыгъэзэжахэри, мы зэманым уIэгъэщым щIэлъхэри. Я ныбжькIэ уеплъмэ, зауэ IэнатIэм Iут а щIалэхэр илъэс 23-м къыщыщIэдзауэ 55-м нэсу апхуэдэщ. Жылэм щыпсэу лъэпкъ щхьэхуэхэм, унагъуэ зырызхэм къахэкIами, ябгъэдэлъ щIэныгъэрэ IэщIагъэкIэ зэмыщхьми, СВО-м хэт а щIалэхэм ящыщ дэтхэнэми игури и псэри етауэ ехъумэ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр, абы и къыщхьэщыжакIуэ нэс хъуауэ. Къэмылэнджэжу зи къалэныр зэфIэзых къэхъундэс щIалэхэм ящыщ куэдым къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр къаIэрохьэ абыхэм я адэ-анэхэм. ЗауэлIхэм яхэтщ зы унагъуэм икIахэри. Апхуэдэхэщ Бжэмбахъуэ Арсен и къуэхэу Азэмэтрэ Муратрэ, Бжьыхьэ СулътIан и къуэхэу Ислъамрэ Аслъэнрэ, ХьэкIэнэгъу зэадэзэкъуэхэу Русланрэ Темырланрэ, Тэхъу Натбий и къуэхэу Амир, Руслан, Темур сымэ.

АдэкIэ псалъэ зыхуагъэфэща Понэж ФатIимэ зэIущIэм къеблэгъа псоми сэлам гуапэ ярихащ икIи фIыщIэ ин яхуищIащ къуажэри жылэри зэрыгушхуэ апхуэдэ бын зэрагъэсам папщIэ.

- Къэралыр щытыкIэ гугъум щихуа лъэхъэнэм абы и хъумакIуэ нэсу къэуващ фи къуэхэу дэри бын пэлъытэ тхуэхъуа щIалэхэр. Абыхэм къакъуэкIащ адыгэлIым хэлъыпхъэ быдагъэр, лIыгъэр, бэшэчагъэр, хахуагъэр. А псори зы махуэм къриубыдэу цIыхум зыхилъхьэ щэнкъым - фэри дэри ди лэжьыгъэм, гъэсэныгъэм къиша фIыгъуэщ ди щIалэхэм нобэ ядэтлъагъур, - жиIащ еджапIэм и унафэщIым. - Адэ-анэхэм фи бынхэр къыфхуихъумэну, щхьэгъусэхэр щхьэтепIэншэ мыхъуну, бынхэм я адэхэр ящхьэщытыну, анэкъилъхухэри ялъ зыщIэтым щыгуфIыкIыжыну Алыхьым жиIэ. Зи уахътыр къэсу зи дунейр зыхъуэжахэри ахърэткIэ гуфIауэ къыщIэкIыну солъаIуэ...

ТэмакъыщIэм къыщIэгъуэлъхьа гурыщIэ пщтырымрэ нэхэм къекIуа нэпс гуащIэхэмрэ псэр щыпэмылъэщ дакъикъэт ар...

Зауэр зауэщи, абы зэбгъэдэту къыщызэдогъуэгурыкIуэ гъащIэмрэ ажалымрэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ажалыр Iэ щIыIэкIэ къахэIэбащ къуажэм дэт езанэ курыт школым и гъэсэну щытахэми. Къэралым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну я псэр ятащ Тхьэгъэлэдж Елдар Хьэжмурид и къуэм, Сагандыков Тимур Жасавбай и къуэм, ШащIэ Мухьэмэд Хьэдис и къуэм. ЛIыгъэ яхэлъу бий ерум пэщIэта а зауэлI хахуэхэм зэхуэсым кърихьэлIа псори дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ. Я ахърэтыр нэху хъуауэ Алыхьым къыщIигъэкI... Такъ Елдар Iэниуар и къуэр хъыбарыншэу кIуэдащ. А щIалэм теухуа хъыбарыфIкIэ догугъэ...

Аруан щIыналъэм и ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ Езий Юрэ псэлъапIэр хуит щыхуащIым жиIащ бгырыс цIыхухъум хэлъыфыну хьэлыфIхэм ящыщу пщIэр, лIыгъэр, хахуагъэр, къэмылэнджагъэр щагъэунэху лъэхъэнэ ткIий дызэритыр.

- Ди адэхэм, адэшхуэхэм Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэм зэрахьа лIыгъэм иджы пащэ я къуэрылъхухэм, абыхэм къащIэхъуа щIэблэм, - къыхигъэщащ Езийм. - Уафэр къащхъуэу щытын, дыгъэр гуапэу къыттепсэн щхьэкIэ, ди щIалэхэр зауэ псэзэпылъхьэпIэ IэнатIэ гугъум Iутщ нобэ, щIыр я уэншэкуу, уафэр я тепIэну. Ар дэ зэи тщыгъупщэ хъунукъым. Абыхэм дахуолъаIуэ Iэпсолъэпсоуэ я унагъуэхэм къихьэжыну, псори дызыщIэхъуэпс текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу.

Хэкумрэ анэмрэ, лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ятеухуа хэкупсэ уэрэдхэмрэ усэхэмрэ куэду щыIуащ зэхуэсым. Ахэр ягъэзэщIащ курыт школым и еджакIуэхэм, абы и нэIэм щIэт сабий садым и гъэсэн цIыкIухэм. «Фыпсэу, ди хъумакIуэ щIалэхэ!» псалъэхэр псоми зэгъусэу зэдыжаIэу, ныбжьыщIэхэм шар гъэпща зэмыфэгъухэр уэгум ираутIыпщхьащ, къызэхуэсахэм я Iэгуауэм щIэту. АдэкIэ псори ирагъэблэгъащ еджапIэм къыщызэIуаха ЛIыхъужьыгъэм и плIанэпэм щыгъуазэ зыхуащIыну, фэеплъ сурэтхэри зытрагъэхыну.

- Зауэ IэнатIэ гугъур щIыхь пылъу мы зэманым езыхьэкI ди щIалэхэри къэрал унафэр зыгъэзащIэу а зауэм хэкIуэдахэри щапхъэ нэсщ къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ, - жиIащ екIуэкIа псори къызэщIикъуэжу Понэж ФатIимэ. - Абыхэм я гъащIэр бэм я гъуэгугъэлъагъуэу дапщэщи щытынущ. Ди щIалэхэм зэрахьэ лIыгъэмрэ къакъуэкI хахуагъэмрэ дрогушхуэ дэри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

И мыхьэнэр инт

НаIуэу зэрыщытщи, Дзэ Плъыжьым европей къалэхэр хуит къызэрищIыжам папщIэ медалибл ягъэуващ. Хыр - Берлин, Будапешт, Белград, Варшавэ, Венэ щыхьэрхэм папщIэщ. Еблэнэр Кёнигсбер щхьэкIэт, ауэ ар къалащхьэу зэрыщымытыжрэ куэд щIат. АтIэ сыт абы апхуэдэ щIыхь щIылъагъэсар?

ФАШИСТ Германием и дежкIэ Кенигсберг и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инт - ар нэмыцэ пщыгъуэхэр зы империеу зэкъуэзыгъэува Пруссием и щыхьэру щытат зэгуэр. Пруссиерт Германием и гур, и къарум и къыхэкIыпIэу къэгъуэгурыкIуар. Абы и бжьым щыщIэтам Германиер быдэу теуват къэралхэр гъэшынэнымрэ хъунщIэнымрэ я гъуэгум. Мыбы лъапIэныгъэ закъуэу къыщалъытэр адрейхэр къызэрагъэшыну къарурт. Мис арат Кёнигсберг и мыхьэнэр европей щыхьэрхэм яйхэм нэхърэ нэхъ зымыгъэцIыкIур, атIэ икIи, уеблэмэ, езыгъэфIэкIыр.

Советыдзэхэм Кёнигсберг ебгъэрыкIуащ 1945 гъэм мэлыжьыхьым и пэщIэдзэм. Фашистхэм абы егугъуу зыхуагъэхьэзырат. Зауэр зэриухынур белджылы хъуа пэтми, Гитлер щыгугъырт телъыджэм. Ауэ абы и закъуэтэкъым: Кёнигсберг убгъэдыхьэн къудейр гугъут. Абы и быдапIэхэр лъэщт, ар зыхъумэхэр сыткIи къызэгъэпэщат: IэщэкIи, шэхэмкIи, ерыскъыхэмкIи, псыкIи, хэбгъэзыхьмэ, электрокъарукIи. Нэмыцэ радиом мыувыIэу къитырт. «И быдапIэхэр мыхьэнэншэ пэтми, урысхэм Севастополь яхъумащ махуэ 250-кIэ. Фюрер и зауэлIхэм апхуэдизкIэ зыщаIыгъын хуейщ быдапIэ лъэщхэм я къуагъым къуэсу!» Ар щызэхихым ди зауэлIхэм ящыщ зым жиIащ: «Махуэ 250-кIэ тхъумащ, ауэ махуи 4-м хуит къэтщIыжащ!» Абы и псалъэхэр нэмыцэбзэкIэ къатащ бийхэм яхуэгъэзауэ. ГъэщIэгъуэнщ, арщхьэкIэ сэлэтыр захуэу къыщIэкIащ: Кёнигсберг къащтэным трагъэкIуэдар пэж дыдэу махуи 4 иримыкъущ. Мыбдежым къыпщыхьунукIэ хъунущ зэхэуэхэр гуащIэу щымытауэ, ауэ Iуэхур зыIутар нэгъуэщIщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ебгъэрыкIуэм и мурадыр къехъулIэн папщIэ зэбгъэрыкIуэм хуэдищкIэ къарукIэ ефIэкIын хуейщ - ар зауэм и хабзэ псоми къыщыгъэлъэгъуащ. Кёнигсберг ита иужь абы и комендант гъэр хъуа Ляш Оттэ жиIащ зауэлI мини 100-м щIигъу и унафэм щIэтауэ. Илъэс зыкъом дэкIауэ абы итхыжа гукъэкIыжхэм къыщигъэлъэгъуэжащ цIыху мин 35-рэ нэхърэ нэхъыбэ имыIауэ. Пэжу къэплъытэ хъунур, дауи, япэу жиIарщ.

ПIалъэ кIыхькIэ къалъытащ къалэм ебгъэрыкIуа ди дзэхэр зауэлI мини 137-рэ хъууэ щытауэ. АрщхьэкIэ къэхутэныгъэщIэхэм белджылы къащIащ 3-нэ Белоруссие фронтым и армитIми а зэманым зауэлI мини 106-м зымащIэкIэ щIигъу фIэкIа зэрыхэмытар. Зэрытлъагъущи, къарукIэ зэхуэдэт. Абы щыгъуэми, зызыхъумэжхэр куэдкIэ нэхъ ерыщуи щытын хуейт. Гитлер ахэр щIипIыкIат езыхэр псоми зэрефIэкIым, псом нэхърэ зэрынэхъ лъэщым. «Пруссиер зыхэмыт Германиер Германиежкъым», - зэхахырт абыхэм зэрысабийрэ. Арати, зэуэну хьэзырт зыри къэмынэжыхукIэ.

ИужькIэ къэхъуахэр хуэпхъ хъунукъым «цIыхухэр ипэкIэ яхуащ я гъащIэм щымысхъу» псалъэхэми. Апхуэдэ дыдэу IэщэкIи ебэкIакъым. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа Ляш и гукъэкIыжхэм къыщехь гъэр ящIа полкым и унафэщIым и псалъэхэр: «Даубыда иужь дэ дыкIуэцIрашащ урысхэм я хэщIапIэхэм. ПщIыхьэпIэм сыкъыхэхутам хуэдэт: зы топым адрейхэр бгъэдэтт. Апхуэдиз къару зы щIыпIэм щызэтрихьауэ сэ нэхъапэм зэи срихьэлIакъым».

Офицерым пцIы иупсакъым. Абы илъэгъуар пэжщ. Ауэ дэнэ ди дзэхэм топхэр зэбгъурагъэувэфын хуэдэу къару къыздрахар?

Мис мыбдежщ псори къыщежьэр. Ар ди дзэзешэхэр зыхуэкIуа хьилагъэт.

Зэхэуэ хьэлъэхэм яужькIэ 1945 гъэм и мэлыжьыхьым ирихьэлIэу 3-нэ Белоруссие фронтым и фочауэ дивизэхэм хэт зауэлIхэр фочауэ дивизэ къэс ику иту хуэзэу зэрыхъужыр минищ иримыкъут. Зэрыхъун хуей мини 9, 5-м и пIэкIэ. ХэкIыпIэ къагъуэтащ. ЦIыху бжыгъэр зэрыхъун хуейм нэхърэ нэхъ мащIэ? Iуэхукъым. Дэри хуэдищкIэ нэхъ зэв тщIынщ дыщебгъэрыкIуэну щIыпIэхэр. Лагъымыдзхэр, топ хьэлъэхэр идгъэувэнщ. Абыхэм кхъухьлъатэхэмрэ танкхэмрэ ящIыфыркъыми, ефIэкIыныгъэ диIэнущ... Апхуэдэу гупсысащ штаб лэжьакIуэхэр икIи ахэр захуэу къыщIэкIащ. Бийр апхуэдэ къару зэкъуэт пэплъакъым. Аращ ипэкIэ зи гугъу тщIа офицерым щIыжиIэжари: «Дэ ди IэнатIэхэм пыщIэныгъэ гуэри яхудиIэжтэкъым. Блиндажым дыкъыщIэкIмэ, здэдунэтIынур тщIэртэкъым, Iугъуэмрэ гъуэзымрэ апхуэдизу дунейр зэщIащтати».

Мис аращ Гитлер апхуэдизу гугъапIэшхуэ зрихьэлIа Кёнигсберг пIалъэ кIэщIым къащтэныр къызыхэкIар. ИкIи, дауи, ди зауэлIхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ захуагъэмрэ ящIыгъужу.

Зэкъуэт къэралхэм я унафэщIхэм Ялтэ щрагъэкIуэкIа конференцым зэрыщызэгурыIуам тету Кёнигсберг репарацэ папщIэу СССР-м ей хъуащ икIи ар абы хыхьащ, Калининград къалэу.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

БАКIУУ Хъанджэрий:

Бзэмрэ литературэмрэ зэпызыщIэр псалъэращ

Зи цIэр жыжьэ Iуа щIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысей Федерацэм щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ пажэ БакIуу Хъанджэрий Илас и къуэр куэд щIауэ лъэпкъ газетым, радиом, телевиденэм ядолажьэ. Нобэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ хъуами журналист IэщIагъэм щIэхъуэпсу зэрыщытар абыкIэ иригъэкъужу къыщIэкIынщ, цIыхубэм щIэныгъэ яхихьэныр и гуращэу. Иужьрей илъэс тIощIым ар щыпсэур, щылажьэр ди республикэращи, журналистхэр псом япэ зэжалIэ щIэныгъэлIхэм ящыщщ. «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэрэ Хъанджэрийрэ зэдащIа интервьюр ди гуапэу тыдодзэ ди газетми.

- Нобэ уи гуащIэ щыбгъэтIылъ институтыр 1926 гъэм къызэIуахащ. А илъэс 99-м институтым щыIа псоми яхэткъым уи ныбжьым нэс зи къулыкъум пэрыта. Уэ иджыри улажьэ къудейкъым, атIэ къэхутэныгъэ нэхъыбэ зыщI щIэныгъэлI нэхъ жыджэрхэм уащыщщ. Сыт абы и лъабжьэр?

- А упщIэр къыщызаткIэ, гушыIэкIэ зэфIызогъэкI – сышынэкъэрабгъэщи, солажьэ. Сигу ихуркъым пасэм зи шхын къэзымылэжьыжыфыр бгым ирадзыхыжу зэрыщытар...

- ГушыIэр сыт щыгъуи уи щIасэщ, Хъанджэрий! АтIэ, иджы дыкъытеувыIэнщ лъэпкъыр дызыгъэпIейтейхэм, уи лэжьыгъэм епхахэм. Сыт къыщыхъуурэ адыгэбзэм, литературэм, абыхэм егъэщIылIа щIэныгъэм?

- БзэмкIэ къыщыщIэддзэнщ. ЦIыхум жьы зэришэ и тхьэмбылыр тIууэ зэгуэтщ. Бзэмрэ литературэмрэ апхуэдэ дыдэу зэпхащ. Псалъэращ а тIур зэпызыщIэр. Нобэ адыгэбзэращ лъэпкъыр нэхъыщхьэу зытегузэвыхьыр. Абы и нобэм, и пщэдейм тепсэлъыхьым къахохъуэ, ауэ нэхъыбэм жаIэр псалъэ дыгъэлщ, усэхэм къыхахауэ:

«Си адыгэбзэ, си анэм и бзэ,
си бзэ, бзэрабзэ».

Бзэр пшынэу къафIощI. Адыгэбзэм тегузэвыхьыр куэд зэрыхъур Iуэху щхьэпэщ. Ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым фIы тщIэнущ жаIэурэ Iей зыщIэхэри, бзэм зэран хуэхъухэри зэрымымащIэр.

Си жагъуэ мэхъу абыхэм адыгэбзэ езыгъэджи, журналисти, бзэ щIэныгъэлIи зэрахэтыр. Яхэтщ пщIэ зыхуэсщI, фIыуэ слъагъу си ныбжьэгъухэри. Псом хуэмыдэу уагъэгузавэ адыгэбзэр «япхъэнкIыну», хамэ псалъэхэр ди бзэм хадзыну, адыгэбзэ псалъэкIэ зэрахъуэкIыну яужь итхэм. Урысыбзэм тещIыхьауэ апхуэдэ гуп Урысейм къыщыунэхуауэ щытыгъащ. Абыхэм «славянофил» фIащат, ауан ящIу. Нобэ ди анэдэлъхубзэм абыхэм ещхьу тепсэлъыхьхэм адыгэ псом нэхърэ нэхъ адыгэу закъыфIощIыж.

Сэ куэд щIауэ зэхузохьэс адыгэбзэм теухуауэ ятххэр. Бзэ зыужьыныгъэ зиIэ къэралыгъуэ лъэщхэм я бзэм и унафэ дауэ зэращIыр? Франджым щолажьэр я бзэм зегъэужьынымкIэ совет, абы и унафэщIщ къэралым и президентыр. Инджылызми апхуэдэ яIэщ, къэралым и пащтыхьыр (королыр) и Iэтащхьэу. Германиеми къэрал унафэм щыщIэтщ бзэм и Iуэхур. А зи гугъу сщIахэм я Iизынынышэу псалъэщIэхэр я бзэм хагъэхьэркъым, бзэм зэрырипсалъэм, зэраджым, къызэрахутэм кIэлъоплъ.

Ди къэралышхуэм дежи пщIэшхуэ щыхуащI урысыбзэм. Ауэ дэ тхуэдэ лъэпкъ мыинхэм я бзэр хъумэным, зегъэужьыным, егъэджыным теухуа унафэ нэхъуса щыIэу жыIэгъуейщ. Адыгэбзэр зыгуэркIэ псоми дыдейуэ, зыкъомкIи зеиншэу щытщ, «Къызэрыхъу и мэшщ» псалъэжьыр уигу къигъэкIыу.

Илъэс куэд хъуауэ терминологием кIэлъыплъ комиссие тхузэгъэпэщкъым. Щхьэж и щхьэм къихьэр жеIэ, бзэм псалъэ хэдзыным, псалъэщIэкIэ зэхъуэкIыным теухуауэ. Мы дызытепсэлъыхьым хуэпхь хъуну зы гушыIэ щыIэщ. Ди къуажэм тыкуэнтесу щылажьэ гуэрым жиIат: «ИгъащIэпсом мыбы сыщылэжьэнт, ревизэ щымыIамэ». Адыгэбзэри хуэныкъуэщ а ревизэм. Илъэс куэдкIэ гугъу драгъэхьащ ди алфавитыр зыхуэужьыну хэтахэм.

Илъэсым ди закъуэкъым зи бзэм и зыужыкIэм зэран хуэхъужыр. Псалъэм папщIэ, Ататюрк (и цIэм къикIыр «Тыркум и адэщ») и лъэпкъыр бэлыхь хидзат тетыгъуэр къыщыIэрыхьам. БзэщIэныгъэм зыри химыщIыкI пэтрэ, хэпщэфIыхьащ. «Ди бзэм персыбзэ, хьэрыпыбзэ куэд хэтщ, макъ мыдахэхэми дыхуейкъым», - жери, нэгъуэщIыбзэхэм щыщу къащта псалъэхэр хидзащ, абы дигъэкIуащ макъ зыбжани. ЦIыху куэд Iэгу еуащ, ауэ абы къырикIуэнур зэуэ къагурыIуатэкъым. Империешхуэм лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ иIа, игъэлэжьа бзэр Ататюрк «игъэкъэбза» бзэм пэжыжьэ хъуащ. Нобэм къэс я бзэу щытам «уэсмэныбзэкIэ» йоджэр, ар иджырей тыркухэм къагурыIуэркъым. Архивхэм хэлъхэр хамэбзэм хуэдэу щIэныгъэлIхэм зэрадзэкI, гугъу дохь, ахъшэ куэди токIуадэ. Дэри а гъуэгум дытехьэ хъунукъым, ди къэкIуэну щIэблэм къахуэдгъанэ бзэм дыхуэсакъыпхъэщ.

Ди бзэм куэд щIауэ хэту адыгэбзэкIэ зэрахъуэкIахэм нэхъ сыкъэзыгъэгубжьыр «район», «культура», «стакан», «энциклопедия» псалъэхэрщ. Мыхэр адыгэбзэм хэтащ мы зэрытхам хуэдэу лIэщIыгъуэм нэскIэ, зыми зэран яхуэмыхъуу. Сабий еджэхэм я дежкIи тыншт, урысыбзэми хамэ къэралыбзэу яджхэми (инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыцэбзэ) я адыгэбзэми зэтехуэу хэтти. Иджы ар IэщIыб ящIу щIадзащ бзэр «зыгъэкъабзэхэм».

«Район» псалъэр блэкIа лъэхъэнэшхуэм къыщыгъэсэбэпащ адыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм, журналхэм, учебникхэм, документ мелуанхэм. Ар къидзэн хуейкъэ, ди бзэм хэбдзыным ипэкIэ?!

«Районыр» зэрызэрахъуэкIын адыгэ псалъэ щылъыхъуащ Къэрэшей-Шэрджэсми (купсэ). Къэбэрдейм адыгэбзэм щыхагъэхьар гъэщIэгъуэнщ – куей. Мы псалъэм тыркубзэкIэ кърагъэкIыр къуажэщ (я къуажэхэри цIыкIу дыдэщ). Район мыхьэнэ иIэкъым, езыри хамэ псалъэщ.

Къэбэрдейхэм «шэдыгъуэ» адыгэ псалъэр хадзри, «балий» грузин псалъэр хагъэхьащ зыкъомкIэ узэIэбэкIыжмэ. «Культура» терминыр зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж лъэпкъ куэдым къагъэсэбэп. Абы пагъэува «щэнхабзэ» адыгэ псалъэр пэшэчкъым, культурэм къиубыдыр куэд мэхъури. А псор къыхуэIуэтэну «Iэрыщ1у» къагупсыса «щэнхабзэ» псалъэм? «Энциклопедия» псалъэри сыт щIызэрахъуэкIар?

Куэд щIауэ адыгэм щыщ гуэрхэм «стакан» псалъэр «кумбыгъэкIэ» зэрахъуэкIыну хэтщ. Ар адыгэбзэм къыхыхьащ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм «стэчан» фащэ къищтэри. Кумбыгъэм «ёмкость» жиIэу къикIыу аращ.

Я жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я адыгэбзэр къабзэ зыщIыну зи мурадхэр мащIэкъым, абыхэм къагурымыIуэ урысыбзэм, европей бзэхэм къахэкIа псалъэхэр адыгэбзэкIэ зэрахъуэкIыну хуожьэ. Дэ урыс къэрал дисщи, урысыбзэ куэд ди бзэм къыхыхьащ, Тыркум щыпсэум – тырку псалъэхэр, хьэрып къэралхэм щыIэ адыгэхэм – хьэрып псалъэхэр къагъэсэбэп. Абыхэм диным къиша псалъэхэри щымащIэкъым. Ди лъэпкъэгъухэм а къэралхэм адыгэбзэ щаджакъым, ищхьэ еджапIэм и гугъу умыщIыххэ. Лъэпкъым куэд хуэзыщIа, пщIэ зыхуэсщI Хъуажь Фахъри щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъщ, адыгэбзэм и диалект зыбжанэ дагъэщIэн хуейщ. Абы «рассказым» и пIэкIэ къигъэлъэгъуа «Iуэтэж» терминыр бзэм къищтащ, хъарзынэщ. Ауэ нэгъуэщI адыгэбзэкIэ зэхъуэкIын хуей терминхэм арэзы укъащIкъым: физкультурэ – пкъыгъасэ, компьютер – щIэныгъэпс, руль – гъэзалъэ, доска – тетхапIэ; пенсэ – гуфIапщIэ; диктофон – макъыщтэ, н. Мыхэр, дуней псом къыщащта терминхэр, адыгэбзэм нэгъуэщIу щIибгъэувэн щыIэкъым икIи къиищтэнукъым...

- Езы бзэщIэныгъэм иужьрей зэманым сыт щIэуэ къихута?

- АдыгеймкIэ къыщыщIэддзэнщи, абы я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым конференц хъарзынэ адыгэбзэм теухуауэ щрагъэкIуэкIащ, докладхэри къытрадзэжащ. Си къэпсэлъэныгъи хэтщ. Ар теухуат адыгэбзэм (къэбэрдей-шэрджэсыбзэм) и лъэпощхьэпохэм, псалъэу къыхыхьэр, хэкIыр, къихьэхур, зыми зи гугъу ямыщI ди псэлъэкIэм и ныкъусаныгъэхэм.

Адыгэ академием къыдигъэкI журналым къытрадзащ адыгэ псор зы литературэбзэ дызэрыхуейм теухуа си статья. РадиокIи телевиденэкIи сытопсэлъыхь ди бзэм и лъэпощхьэпохэм, си Iуэху еплъыкIэ тызодзэ газетхэм. СфIэгъэщIэгъуэнщ: зы цIыхум зыкъызигъащIэркъым жысIэр яфIэтэмэм-яфIэмытэмэмым теухуауэ. Еджэ щымыIэжу ара?

Адыгэбзэр «къэзыхутэхэм» къахыхьащ макъ къэс зыгуэр кърахыу, физик, химик щIэныгъэлIи зыщIагъуу теорие «хьэлэмэт» къэзыгупсысхэр, абыхэм щIэныгъэм деж сэбэп къэзымыхь «сектэ» щаухуэну хэту къэлъытапхъэщ. Адыгэбзэм и морфологием, синтаксисым, грамматикэм, орфоэпием и ныкъусаныгъэ куэд щыIэщ. Ахэр къэбгъанэу Iуэхуншэхэм я зэш тебгъэун щIыхуейр сыт?

Къэрэшей-Шэрджэс университетми гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтми (абы адыгэбзэмрэ литературэмрэ теухуауэ щылажьэхэр цIыхуитI къудейщ) ехъулIэныгъэшхуэ яIэу си гугъэкъым. Иужьрей илъэсхэм зи зэфIэкI нэхъ къэзыгъэлъагъуэр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и адыгэбзэ къудамэращ (и унафэщIыр бзэщIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борисщ).

Мыр гупыфI мэхъу, тIур щIэныгъэхэмкIэ доктору, блыр – кандидату. Абы лъэкIыныгъэ къарет псори дызыхуэныкъуэ псалъалъэхэр зэхалъхьэну икIи къыдагъэкIащ адыгэ-урыс псалъалъэ, урыс-адыгэ псалъалъэ, КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ. Абыхэм яхэтщ нэхъ ини, еджапIэм къыщагъэсэбэп псалъалъэ нэхъ кIэщIи. Илъэс куэдкIэ зэмылэжьа «Адыгэбзэм и грамматикэ» дунейм къытехьащ. Езы БищIо Борис и закъуэ къыдигъэкIащ зыри зытемыгушхуэ «БзэщIэныгъэм и терминологием и псалъалъэ».

Бзэм теухуауэ гукъеуэ куэд диIэщ, ауэ адыгэбзэм зимыужьу, ямыджу жыпIэ хъунукъым. Сэ зызохьэ 1957 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым къытехуа зы тхыгъэ. Абы къыщыхьа псалъэухахэм адыгэбзэу хэтыр кIэухэмрэ суффиксхэмрэщ. Абырэ нобэрей «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я адыгэбзэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Ди бзэмкIэ хъарзынэу ятхыр литературэм и жанр псори зи фащэхэр.

- Литературэр уи IэщIагъэщ, адыгэбзэм «укъимыутIыпщми». Сыт хуэдэ нобэрей адыгэ литературэр, абы теухуа щIэныгъэр?

- Адыгэ литературэр ягъэбжьыфIэ щIэблэ нэхъыжьыгъуэ къызылъысахэми тIэкIу нэхъыщIэхэми. Я цIэ къиIуапхъэщ Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, Вындыжь Марие, Бицу Анатолэ, Шорэ Ахьмэд, Кхъуэхъу Хъанэ, Тут Тезадэ. Нэхъ щIалэIуэу Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Мыжей Мамыржан, Братхэ Мурат, Бемырзэ Зураб сымэ. Япэм зэрыжысIащи, урысыбзэкIэ тхэ адыгэхэр, псом хуэмыдэу бзылъхугъэхэр, нэхъыбэ мэхъу. УрысыбзэкIэ тхэхэм я IэдакъэщIэкIхэм адыгэ нэпкъыжьэ хыболъагъуэ. Псалъэм папщIэ, ХьэкIуащэ Мадинэ, ЩауэцIыкIу Людмилэ ятххэм (сигу ирихьащ Людмилэ и «Черкесские этюды» романыр, 2023 гъэм къыдэкIар). Ауэ адыгэбзэкIэ тхэхэми, урысыбзэкIэ тхэ адыгэхэми яхэтщ хамэ къэралхэм яужэгъужа теориехэм нэIуасэ зыхуащIауэ ди литературэм лъабжьэ щызимыIэ жанрхэр къэзыгъэщIхэр («магический реализм», постмодернизм, н.), абыхэм цIыху къызэрыгуэкIхэм къагурымыIуэ терминологиекIэ я романхэр якудэр. Езы роман кIыхьхэр хокIыж нобэрей литературэм. Нобэ зыри пхуеджэжынукъым «Война и мир», «Жизнь Клима Самгина» хуэдэхэм.

УсакIуэхэм я деж зыдгъэзэнщи, усэ Iей зыми итхыжкъым. Гете жиIэгъащ: «Германием усэ тхыным и культурэр лъагэ щыхъуащи, усэ Iей зыми итхыжкъым, ауэ поэзие щыIэкъым». Нобэрей усакIуэхэм я нэхъыбэм рифмэ хъарзыни къагъуэт, я IукIэми зыри пыплъхьэнкъым, ауэ образ щIэщыгъуэ ядэплъагъукъым, къагъэсэбэп эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, метафорэхэр (ар мащIэ дыдэщ) укъуеящ, щIэщыгъуэкъым. КъебжэкI фащэм итхэщ, ущие гъущэхэщ. А жысIэм къикIкъым адыгэ усэм зимыужьу.

Драматургиер ди литературэм «щытежеикIауэ» къэлъытапхъэщ. IутIыж Борис иужькIэ дызыщыгугъын къыкъуэкIауэ слъагъукъым. Сэ IутIыж Борис теухуауэ тхылъышхуэм нэмыщI статья куэд стхащ, ахэр пщIэ зыхуащI щIэныгъэ журналхэми къытрезгъэдзащ. Илъэс зыбжани тезгъэкIуэдащ, ауэ сыхущIегъуэжкъым. Иужьрей зэманым аргуэру адыгэбзэкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэ стхащ и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбапIэр къызэщIэзубыдэу.

Адыгэ литературэм и тхыдэ томищ хъууэ къыдэкIащ (абыхэм си Iыхьэфl хэлъщ). Щхьэхуэу дызытетхыхьар ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я закъуэщ. Адрейхэр «обзор» жыхуаIэм хуэдэу кIуащ.

Щхьэхуэу ятетхыхьын хуеят нэгъуэщI зыхуэфащэхэу IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, Бицу Анатолэ, Бемырзэ Мухьэдин, Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэу щIэхъуам щхьэусыгъуэ иIэщ: елэжьыну жызыIа автор гупым я нэхъыбэр щхьэусыгъуэ гуэрхэр ящIурэ хэкIыжащ. (Ди институтым щымылажьэу къыдгухьар ХьэкIуащэ Андрей и закъуэщ, и ахъэрт фIы Тхьэм ищI). Мы къэхутэныгъэм я гуащIэшхуэ халъхьащ Гъут Iэдэм, ТIымыжь Хьэмыщэ, адрей секторым щылажьэхэми.

А щыщIагъэр зэдгъэзэхуэжын ди мураду, сэрэ Хьэвжокъуэ Людэрэ монографие догъэхьэзыр. Сэ сыт щыгъуи «си щхьэр здэгъэзар «Инжыдж лъэныкъуэращи», дызэгурыIуащ шэрджэс тхакIуэхэм сатетхыхьыну. Людэ лъысащ къэбэрдей тхакIуэхэр, ауэ абы схуетакъым IутIыж Борис, езыми къызитыфакъым Бещтокъуэ Хьэбас (Людэ Хьэбас теухуауэ тхылъи диссертаци итхащ). Сэ мы илъэс зытIум Дыгъужь Къурмэнрэ IутIыж Борисрэ ятеухуахэр стхащ, адрейхэри къыкIэлъыкIуэнущ. Псори дыухмэ, тхылъ щхьэхуэу къыдэдгъэкIынущ.

ЩIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэр зэпыукъым, ауэ абыхэм я къэхутэныгъэхэр къызэрыдагъэкIын мылъкур мыхьэнэншэ дыдэщ, зыщIыпIэхэм дежи щыIэххэкъым. Хьэдэгъуэдахэщ: щIэныгъэлIхэм, диссертацэ зытххэм я статьяхэр журналхэм къытрадзэн щхьэкIэ езы авторхэм ахъшэ ятын хуейщ, гонорар кърамыным и пIэкIэ. Апхуэдэ щытыкIэм игъэпIейтейуэ, адыгэлI нэс Къанокъуэ Арсен (ЩIДАА-м и президент зэрыхъурэ) фонд ищIауэ ди лъэпкъым и щIэныгъэлIхэм ядоIэпыкъу. Иужь илъэсхэм абы ди институтым къыхудигъэкIащ Нэгумэ Шорэ итхахэр томиплI хъууэ, «Адыгэ литературэм и тхыдэ» (ещанэ томыр), «Адыгэ тхакIуэхэр» (езанэ томыр). «Адыгэ тхакIуэхэр» (ещанэ томыр) экземпляр 250-рэ хъууэ къытхудигъэкIащ икIи абы зи цIэ ит тхакIуэхэм, апхуэдэуи университетхэм, институтхэм, библиотекэхэм яIэрыдгъэхьащ.

УрысыбзэкIи адыгэбзэкIи дгъэзэщIа «Адыгские (Адыгейские, кабардинские, черкесские писатели черкесского зарубежья) писатели XIX – XIX вв.» томищу зэхэт лэжьыгъэшхуэм дунейм тет адыгэ тхакIуэ щиплIым щIигъум я биографиер, ятхахэр, къыдагъэкIахэр, абыхэм ятеухуауэ жаIахэр итщ. Дунейм щикъухьа ди лъэпкъымкIэ ар сэбэпышхуэ зиIэщ, апхуэдэ зиIэ нэгъуэщI лъэпкъ щыIэу сщIэкъым. Абы илъэсиблым щIигъукIэ делэжьащ филологиемкIэ доктору тхурэ кандидату щырэ. Сэри си IыхьэфI хэлъщ, статья 90 сысейуэ хэтщ. Апхуэдэ тхылъым куэд къыщIоупщIэ, хуэныкъуэщ тхакIуэхэр, журналистхэр, университетхэр, институтхэр, библиотекэхэр, егъэджакIуэхэр. Ауэ ди щытхъупс ягъажэу, фIыщIэ къытхуащIу е саугъэт гуэр къыдатыну жаIэу зэхэтхыркъым. Щосхь пщIэ зыщIамыт псалъэ къудейхэм.

Къанокъуэ Арсен абы нэмыщI къыдигъэкIащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий биологием и гугъуехьхэр къыщихута тхылъ зыбжанэ, Щоджэн Iэсхьэд «Адыги» зыфIищар, куэд мыщIэу къыдэкIын иухынущ «Нартхэр» томиплI хъууэ.

ФIыщIэ лей пхузощI шэрджэс тхакIуэхэм я тхылъхэм щыщи, нэгъуэщI дызыхуэныкъуэ хъыбар куэди къыздэщыхузэбгъэувам папщIэ, Люсанэ. Пхуэфащэу удыгуэщ!

- Хъанджэрий, Тхьэм ди псэ иджыри куэдрэ уригъэт!

Зыгъэхьэзырар **КЪЭБАРТ Мирзэ.**

ПщIэншэкъым и пщIэнтIэпсыр

ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Молэ Хьэцацэ гу къабзэрэ псэ къабзэрэкIэ гъащIэм дэбакъуэ, пщIэ зиIэ унафэщI щапхъэу къалъытэ бзылъхугъэщ.

МОЛЭ Хьэцацэ 1949 гъэм мазаем и 23-м мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Абы къуажэм курыт еджапIэр къыщеухри, Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щIотIысхьэ. Ещанэ курсым щIэсу, 1969 гъэм, щхьэгъусэ щигъуэтым, заочнэ зрегъэщIыжри, лэжьэн щыщIедзэ ХьэтIохъущыкъуей дэт еджапIэм, пэщIэдзэ классхэмкIэ егъэджакIуэу.

«ПщIантIэпс пщIэншэ хъуркъым», жыхуиIэрати, илъэс 25-рэ и ныбжьу пэщIэдзэ еджапIэм и унафэщIу ягъэув. И къулыкъум щыпэрыува япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ Хьэцацэ лъэкI къигъэнакъым школым къыщIах щIэныгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ. Ар псэемыблэжу зэрылажьэм гу лъамытэу къанэркъым – къуажэ Советым и депутатуи хах.

Хьэцацэ хущIэкъурт сабийхэм зезыгъэужьыну псомкIи еджапIэр къызэригъэпэщыным. Псом япэрауэ, ар кIэщIу яужь йохьэ пэшхэр нэхъыбэ ищIыным, шэджагъуашхэ сабийхэм къахузэгъэпэщыным. ИужькIэ школыщIэ ухуэнми бэлыхь мащIэ дишэчакъым а цIыхубз щIалэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Молэм игъэтIылъащ абы егъэджэныгъэмкIэ иIэ зэфIэкIым и лъабжьэр.

1980 гъэм щIыпIэ Советым и исполкомым и унафэщI къулыкъур Хьэцацэ къыхуагъэфащэ. А зэманым уэрамхэм асфальт трегъэлъхьэным, къуажэдэсхэм псыр тэмэму ягъуэтыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. ЕгъэджакIуэ куэдым щыпсэун яIэтэкъым, ахэр фэтэр щIэсти, унагъуэ щэщI щIэхуэну егъэджакIуэхэм унэ яхуригъэщIащ. А Iуэхухэр гъэкIуэтэнымкIэ дэIэпыкъуэгъуфIу иIащ езым къыдэлэжьа цIыху псэ къабзэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа Аслъэн Кушбий ипхъу Мадинэ. Абыхэм я зэдэлэжьэкIэм къыпэкIуа ехъулIэныгъэхэм ящыщщ 1981 гъэм къуажэхэр зэIузэпэщ щIыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр ХьэтIохъущыкъуей къуажэм зэрыщиубыдар.

Молэ Хьэцацэ сытым и дежи хущIэкъурт цIыхубэм сэбэп зэрахуэхъуным. А унафэщI щыпкъэм и фIыгъэ куэд хэлъщ, колхозым и тхьэмада Шэт Шидэ и гъусэу, къуажэм газ къызэрыдашами, телефон станцыщIэ зэрыщагъэувами, Бахъсэныпсыр я хадэм щIагъэлъэдэну унагъуэхэм Iэмал зэрагъуэтами. Апхуэдэ цIыхухэм щхьэкIэщ «БаIуэ нэхърэ бащIэ» щIыжаIэр.

1982 гъэм Хьэцацэ унафэщIу ягъакIуэ къуажэ еджапIэ-интернатым. Ар щыкъуажэ унафэщIми интернатым щыщыIами иужь итащ школыщIэ иригъэщIыным. Ари къехъулIащ бзылъхугъэ щыпкъэм: 1982 гъэм фокIадэм и 1-м къызэIуахащ 2-нэ курыт еджапIэр.

Хьэцацэ, и гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу егъэджэныгъэм, унафэ щIыным епхауэ щытащ. Интернатми гугъуехь куэдым щыпэщIэхуащ унафэщIыр, ауэ гугъуехьым еса цIыхубзыр абыи пэлъэщащ.

1990 гъэм Хьэцацэ къуажэ Советым и унафэщIу етIуанэу хахыжри, административнэ унэ ныкъуэщIхэр нэгъэсыным елэжьащ. ЖаIэ, а зэманым икъукIэ гъуэтыгъуей видеомагнитофон нэгъунэ 2-нэ курыт еджапIэм къыхуищIэхуауэ щытауэ.

ИужькIэ, 1992 гъэм, мэкъуауэгъуэм и 17-м, ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и СПТУ №10-м и унафэщIу ягъакIуэ Хьэцацэ. А лъэхъэнэм зыри щеджэжыртэкъым абы: пэшхэр псори нэщIт, зэхэкъутат, лэжьыгъэшхуэ дэлъът, зехьэн хуейт. Хьэцацэ хузэфIэкIащ абы курыт еджапIэ къыхищIыкIыну, псэ хилъхьэжыну, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ мазитIым и кIуэцIым кърищэлIэну.

Куэдым я дежкIэ фIэщ щIыгъуейт, ауэ Хьэцацэ апхуэдэу 3-нэ курыт еджапIэр къызэIуихащ, иужьым школым сабий сади къыщызэIуихыжащ.

ЕхъулIэныгъэу Хьэцацэ иIэхэр къебжэкIыгъуейщ. ГъэсакIуэшхуэу, жьэнахуэу, псэхупIэ имыIэу, псоми я псэм дыхьэ унафэщIу къэгъуэгурыкIуащ. Молэм и сэбэп цIыху куэдым екIащ. Къуажэдэсхэр къызэреджэр «Ди Хьэцацэт».

И гъащIэм кърикIубыдэу Молэ Хьэцацэ саугъэт куэдкIэ ягъэлъэпIащ, цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Абы зэфIигъэкIа лэжьыгъэм теухуа тхыгъэ куэд къытрадзащ «Адыгэ псалъэ», «Баксанский вестник» газетхэм.

Куэтэншы ТIалэ и цIэр зрихьэу ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт 3-нэ курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэу 2007 гъэм щыщIэдзауэ 2024 гъэ пщIондэ лэжьащ Хьэцацэ. Нобэ а курыт еджапIэм и унафэщIщ ДыщэкI Садул ипхъу Рае.

Зи псалъэр ялъытэ, зи чэнджэщым тет, зи цIыхугъэмрэ зэфIэкIымрэ пщIэ хуащI Молэ Хьэцацэ дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и гуащIэдэкIкIэ къилэжьа пщIэмрэ щIыхьымрэ пэкIуэжын пщIэ игъуэту иджыри куэдрэ ди япэ итыну.

АСЛЪЭН Каринэ.

Бжьыпэм есащ Псынэдахэр

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 гъэм и гъэмахуэ чемпионатым етIуанэ джэгугъуэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щызэхэтащ. Абы иужькIэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр и закъуэу щиубыдащ иужь лъэхъэнэм а щытыкIэм есэжа Псынэдахэ и «Родник»-м.

ГЪЭМАХУЭМИ щIымахуэми ди республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм зэгуэр къыщыхагъэщIар зыщыгъупщэжа псынэдахэдэсхэр аргуэру япэ ищащ. Иджы ахэр бжыгъэшхуэкIэ текIуащ гуп нэхъыщхьэм зи къэгъэзэжыныгъэр тхьэмахуэ ипэкIэ «Псыгуэнсум» 4:1-уэ ефIэкIыу ехъулIэныгъэкIэ езышэжьа «Нартаным». Абы къегъэлъагъуэ «Родник»-р кIуэ пэтми нэхъ лъэщыж зэрыхъур икIи текIуэныгъэхэмкIэ зэрызимыгъэнщIар.

Иужь илъэсхэм Псынэдахэм и футболистхэм хьэрхуэрэгъу яхуэхъухэм ящыщщ Джылахъстэнейм и «Тэрч» командэр. Мы гъэми апхуэдэу къыщIэкIыну дыщогугъ. Ар Акъбащ Ищхъэрэм 5:1-уэ зэрыщытекIуар къэплъытэмэ, дыкъапцIэу къыщIэкIынукъым. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, джэгугъуитI фIэкIа щымыIами, очко бжыгъэ гуэр зыфIэмыкIуэдауэ къэнэжар «Родник»-мрэ «Тэрчымрэщ». Пэжщ, джылахъстэнейхэр зэрыджэгуар нэжар иджыри тIу хъууэ аращ. Шэджэм и «Черкес»-мрэ Налшык и «Спартак-Д»-мрэ пэщIэдзэ джэгугъуэм зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжри, иужькIэ зэрызэкIэлъыкIуэу текIуащ Урыхурэ Бабугентрэ къикIахэм.

Зэхьэзэхуэм и щIэдзэкIэр къаймыхъулIами, зызэщIакъуэжри, къыкIэлъыкIуэм я хьэрхуэрэгъухэм ефIэкIыфащ Аргудан и «Бедик»-р, «Псыгуэнсур», куэдкIэ дызыщыгугъ Алътуд и «Искра»-р.

ДжэгугъуитIри фIахьри иужь дыдэ увыпIэхэм къыщыхутащ «Логоваз»-мрэ «Акъбащымрэ». АрщхьэкIэ ахэри щIэгужьеин щыIэкъым - зэпеуэм щIидза къудейуэ аращ икIи иджыри псори пхуэгъэзэкIуэжынущ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Искра**» (Алътуд) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – **4:0**, «**Бедик**» (Аргудан) – «**Шэрджэс**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **3:1**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Малка**» (Малкэ) - **1:0**, «**Родник**» (Псынэдахэ) – «**Нартан**» (Нартан) - **5:0**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **4:1**, «**Черкес**» (Шэджэм) – «**Урыху**» (Урыху) – **2:0**, «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) – «**Тэрч**» (Тэрч) – **1:5**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *мэлыжьыхьым и 19-м* - «Логоваз» - «Черкес», «Шэрджэс» - «Псыгуэнсу», «Ислъэмей» – «Бедик»; *мэлыжьыхьым и 20-м* - «Нартан» - «Спартак-Д», «Малка» - «Родник», «Тэрч» - «Искра», «Урыху» - «Акъбащ» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Родник»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**9-1**	**6**
2.	**«Черкес»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**3-1**	**4**
3.	**«Спартак-Д»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**5-2**	**4**
4.	«Малка»	2	1	0	1	6-2	3
5.	«Нартан»	2	1	0	1	4-6	3
6.	«Искра»	2	1	0	1	4-1	3
7.	«Шэрджэс»	2	1	0	1	2-3	3
8.	«Псыгуэнсу»	2	1	0	1	2-4	3
9.	«Бедик»	2	1	0	1	4-7	3
10.	«Тэрч»	2	1	0	1	5-1	3
11.	«Ислъэмей»	2	1	0	1	6-6	3
12.	«Урыху»	2	1	0	1	0-2	3
13.	**«Логоваз»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-8**	**0**
14.	**«Акъбащ»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**3-11**	**0**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Элла (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 40-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.
Къыдэзыгъэкlыхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5
Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр № 819
12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Сонэ, корректорхэу Пхытlыкl Марие *(1, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.